# Chimanika: Bible for Matthew

Formatted for Translators

©2022 Wycliffe Associates
Released under a Creative Commons Attribution-ShareAlike 4.0 International License.

Bible Text: The English Unlocked Literal Bible (ULB)
©2017 Wycliffe Associates
Available at https://bibleineverylanguage.org/translations
The English Unlocked Literal Bible is based on the unfoldingWord® Literal Text, CC BY-SA 4.0. The original work of the unfoldingWord® Literal Text is available at https://unfoldingword.bible/ult/.
The ULB is licensed under the Creative Commons Attribution-ShareAlike 4.0 International License.

Notes: English ULB Translation Notes
©2017 Wycliffe Associates
Available at https://bibleineverylanguage.org/translations
The English ULB Translation Notes is based on the unfoldingWord translationNotes, under CC BY-SA 4.0. The original unfoldingWord work is available at https://unfoldingword.bible/utn.
The ULB Notes is licensed under the Creative Commons Attribution-ShareAlike 4.0 International License.

To view a copy of the CC BY-SA 4.0 license visit http://creativecommons.org/licenses/by-sa/4.0/

Below is a human-readable summary of (and not a substitute for) the license.
You are free to:

Share — copy and redistribute the material in any medium or format. Adapt — remix, transform, and build upon the material for any purpose, even commercially.

The licensor cannot revoke these freedoms as long as you follow the license terms.
Under the following conditions:

Attribution — You must attribute the work as follows: "Original work available at https://BibleInEveryLanguage.org." Attribution statements in derivative works should not in any way suggest that we endorse you or your use of this work. ShareAlike — If you remix, transform, or build upon the material, you must distribute your contributions under the same license as the original. No additional restrictions — You may not apply legal terms or technological measures that legally restrict others from doing anything the license permits.

Notices:
You do not have to comply with the license for elements of the material in the public domain or where your use is permitted by an applicable exception or limitation.
No warranties are given. The license may not give you all of the permissions necessary for your intended use. For example, other rights such as publicity, privacy, or moral rights may limit how you use the material.


generated on Tue Aug 5 16:08:39 2025

# Matthew

## 1

1 Bhuku ramadzitateguru ha Jesu Kristu, Mwanakomana wa Davidi, Mwanakomana waAbrahama. 2 Abrahama Akawa
baba waIsaka; Isaka, baba wa Jakobo; Jakobo, Baba wa Juda nawanununa wake; 3 Juda akawa Baba wa Faresi naZara,
wakaberekwa na Tamari. Faresi akawa Baba waEsromi; Esromi akawa baba waArami; 4 Arami akawa Baba wa
Aminadabi; Aminadabi, Baba weNasoni; Nasoni, baba we Saremoni; 5 Saremoni akawa baba wa Boasi, akaberekwa
naRabhi;Boasi baba wa Obedi, akaberekwa naRute; Obedi, baba wa Jesi, 6 Jesi akabereka mabho Davidi. davidi akawa
baba we Soromoni, akaberekwa nemukadzi waUria. 7 Soromoni akawa baba wa Roboami; Roboami, baba waAbia; Abia,
baba wa Asafa. 8 Asafa, baba waJosafati; Josafati akawa baba wa Joramu, uye Joramu akabereka Ozia; 9 Ozia, akawa baba
Jotamu; Jotamu, baba we Ahazi; Ahazi, baba wa Ezekia; 10 Ezekia akawa baba wa Manasi; Manasi, baba wa Amoni; Amoni,
baba wa Josia, uye 11 Josia akawa baba waJekonia nawanununa wake, neguwa yekutapwa kwawo kuBabironi.
12 Nekutapwa kwe babironi, Jekonia akawa baba wa Saratieri; Saratieri, kawa baba waZorobhabheri; 13 Zorobhabheri,
akawa baba wa ABiudhi; Abiudhi, baba wa Eriakimi; Eriakimi, baba wa Azori; 14 Azori akawa baba wa Sadhoki; Sadhoki,
baba waAkimi; Akimi, baba wa Eriudhi; 15 Eriudhi akawa baba wa Eriazar; Eriazar, baba wa Matani, Matani, baba wa
Jakobho, uye 16 Jakobho akawa baba wa Josefa, murume waMaria, uya wakabereka Jesu, uya anodaitswa Kristu. 17 Marudzi
wose;kuna Abrahamau kusvika kuna Davidi, aiwa marudzi gumi namana kuswikira pakutapwa kwe Bhabhironi,
marudzi gumi namana kubva pakutapwa Bhabhironi kuswikira kuna Jesu Kristu, marudzi gumi namana. 18 Kuberekwa
kwa Jesu Kristu kwaiwa kudai, Maria, wamai wake, wakati wataurira na Josefa, wasati wasangana, wakaonekwa awa
nepamwiri weMweya muswene. 19 Josefa, murume wake anga arimurume wakarurama,asingadi kumunyadzisa
panewanhu, hakafunga kumusia tchinyararire. 20 Zvino akati atchifunga kudaro,Mutumwa waiche akazviratidza pakurota
kwake, atchiti: ''Josefa, mwanakomana wa Davidi, usathia kutambira Maria semukadzi wako, nekuti tchakaiswa mahari
ndetche Mweya mutswene. 21 Iye atchabereka Mwanakomana iwe utchamutumidza Zita rekuti Jesu, nekuti Iye
atchadzikinura wanhu wake pazviwi zvao''. 22 Zvese izvi zvaitika kuti zvidzadziswe zvakataurwa na Iche pakati
pemuporofita: 23 ''Tarisai mhandara itchawa nepamwiri itchawa neMwana, hatchandaitswa Emanueri, zvairewa Mwari
anesu'''. 24 Josefa pahakamuka pahope, akaita zvahakataurirwa neMutumwa waIche akatora mukadzi wake. 25 Nekudaro
awana kuzoziana, kuzvikira hazwara Mwana.Uye iye akamupa Zita rinoti Jesu.

## 2

1 Akati aberekwa Jesu, kubhetirehemu reJudhea, muguwa ya mambo Herodhi, wachenjeri wakazvika Jerusarema,
watchibva kumabvazuwa wakati: 2 Waripiko uya wakaberekwa, Mambo wewaJudha? Isu taona nyeredzi yake
kumabvazuwa tauya kuzomunamata.'' 3 Mambo Herodhi atchizwitswa izvi,wakamanikitswa, neJerusarema yese naye.
4 Herodhi wakaunganidza waPirisita wakuru wese nawanyori wewanhu, wakabvudza kuti: ''Kristu hatchaberekwa
kuphi?'' 5 Iwo wakati: ''Pabheterehemu reJudhea, nekuti zvakanyorwa nemuporofita: 6 Newe bheterehemu, munyika
yeJudhea, hausi mudhuku kuwabati weJudhea, nekuti kwauri kutchauya Mutungamiririri, utchafudza wanhu wangu
waisraeri'''. 7 Zwino Herode akadaidza tchinyararire watchejeri kuti hawadvudzise tchokwadi guwa yakaoneka nyeredzi
nayo. 8 akatuma Bhetirehemu, atchiti: ''Edai kotswaka mukomana nhereka. Mukamuwana, muditaurire kuti ini dhiende
komunamata ''. 9 Wakati hatswa mambo, akaenda, uye nyeredzi yakanga yawona iwo kumabvazuwa yakawatungamirira
kuzvikira yamira pamusoro peswimbo yanga inhe 10 mukomana.Pawakaona nyeredzi, wakafara nemufaro mukuru. 11 Iwo
akapinda mumba, akaona mwana ari na Maria, mai wake, wakawira pasi akamunamata. iwo wakasunugura fuma yawo
akamupa zvipo:zvedarama, nemura. 12 Mwari akawanyewerera mukurota kuti waregere kudzokera kuna Herode, zvino
iwo wakaenda kunyika yawo neimwe dzira. 13 Wakati wasimuka, imwe Ngirozi yaMwari yakauya kuna Josefa mukurota
akati: ''Simuka ubate Mwana na mai wake, hutize kwenda kuIjipita. Urambe uri ikoko kuzwikira ndakutaurira, nekuti
Herodi warikutswaka Mwana kuti wamuhurae''. 14 Pawusiku iwowo, Josefa akasimuka akatora Mwana na maiwake
akabunda kwenda kuIjipita. 15 Iye akarambira ikoko kuswikira Herodi afa. Kuti zvitike zvakatahurwa na Iche pakati
pemuporofita atchiti: '' kuIjipita dakandana Mwana Wangu''. 16 Zvino Herodi, pahakazizua kuti anyengerwa newa
tchenjeri, akatsamwa kwazo. Akatuma kohuraya wana wese wewakomana wanemakore mawiri waigara
mubheterehema uye nenyika yese, maererano nem nguwa yaakadzwisisa wachenjeri. 17 Zwino zwakadzadziswa zwiya
zwanga zwakataurwa nemuporofita: 18 ''Imwe itswi yakadzwika muRama, rekuchema nekurira kukuru ranga riri ra
Rakeri achichema pawana wake, asingadi kunharadzwa nekuti iwo awachipo''. 19 Zvino Herodhi akati afa, imwe ngirozi ya
Iche yakauya mukurota kwa Josefa paInjipita akati: 20 ''Simuka tora mwana namai wake chienda kunyika yewaIsraeri
nekuti waya waitswaka kuhuraiya mwana wafa''. 21 Josefa akasimuka, akatora mwana namai wake, wakaenda kunyika
yaIsrael. 22 Asi hakati, achizinzwa iwo kuti Arkerao hawa mambo paJudheya panzwimbo ya baba wake Herodhi, akatya
kuedako.Nekudaro Mwari akamunyewerera mukurota, akaenda kumatiwi henyika yeGarireya, 23 akaenda korarama
muguta rinodzi Nazareta. Zwakadzadziswa zwakataurwa newaporofita, kuti uchanzi Munazareta.

## 3

[1]Pamazuwa iwawo, pakawa na Johani mubhabhatidzi atchiparidza murenje rejudhea achiti: [2]''Tendeukai nekuti Wuche
weKundega waswendera''. [3]Nekuti uyu die akataurwa namuporofita Isaya achiti: ''Iswi rounodana murenje: 'Gadzirirai
nzira yaChe, ruramisai migwagwa Yake'''.[4]Johani waibfeka nguwo dzemakuche ekamera, ne bhanire renganda
pachiwuno chake zwekudya zwake zwaiwa magwiza newuchi webundo. [5]Zwino Jerusarema, ne Judhea yose
wakambudira kwaari nenyika yakapoteredza Jorodhani wakaenda kwaari. [6]iwo wakabhabhatidswa na Johani Murwinzi
re Jordhani, wachireurira zviwi zvao.[7][9]Iye akati achiona wajinji wewaFarisi newasadusi, wachiuyana kwaari kuti
abhabhatizwe, akawati: ''wana wenyoka, ndiani wakakunyewerai kuti mutize kutsamwa kunouya? [8]beerekai, zwibereko,
zwakafanira zwekutendeuka. Uye musafunga kutaura mumoyo henyu muchiti: isu tina Abhurahama ndibaba wedu.' Asi
ini ndinokutaurirai kuti Mwari ungamutsira Abhurahama wana pamabwe awa.[10]Zwino sanhu yakaiswa mudzi wemiti,
miti yose. Isingambereki zvibereko zwakanaka unotemwa ukakandirwa mumoto. [11]Ini dinokubhabhatidzai nemvura
mutendeuke, asi uya anouya shurekwangu unesimba kudarika inini uye ini andina kukodzera kuti ditakure shangu
dzake. Iye achakubhabhatidzai neMweya Mutswene nemoto. [12]Ruseru rwake ririparuwoko rwake kuti ripukute buriro
rake kwazwo. Uchauganidzira zwiyo muduri, asi Iye uchapisa hundi nemoto usingazodzimwi.''[13]Zwino Jesu wakauya
nekuGarireya wachitsvika paJoridhani kuti abhabhatidzwe [14]naJohani, asi Johani wakaedza kumudziwisa, achiti: Ini
ndinofanira kubhabhatidzwa nemi, sei imi munouya kwandiri?'' [15]Jesu akamupindura achiti: ''chirekera hako zwino,
nekuti sekudaro zwakafanira kuti tidzadzise kururama kwose''. zwino Johani akamutendera.[16]Akati apedza
kubhabhatidzwa, Jesu akabunda mumvura tarira ndega rakazarurirwa kwaari, akawona Mweya wamwari huchiuya
senjiwa ikambhara pamusoro pake. [17]Imwe itswi rakabva kudenga richiti: ''Uyu dhie mwanakomama wangu
wadinondha. wadinofaria.''

4 [1]Zwino jesu akatungamirirwa ne Mweya kurenje kuti ayedzwe na Dhiabhorosi. [2]Achizvinyiima zvekudya mazuwa
makumi mana newusiku wemakumi mana, Iye akabatwa nedzara. [3]Dhiabhorosi akahuya kwaari akati : ''Kana uri
mwanakomana waMwari shandura matombo aya kuti awe zvikwa''. [4]asi Jesu Akamuphidura akati zvakanyorwa: Zvichiti
munhu harari nechikwa bedzi, asi nemachoko hose anobuda mumuromo waMwari'''.[5]Zvino dhiabhorosi akamutora
akaenda naye kunguta tswene, akamuisa pachiruwu chetemberi [6]akamuti: ''Kana uri Mwanakomana waMwari, zviwisire
pasi nekuti zwakanyorwa zwichiti: Iye ucharaira ngirozi dzake pamusoro pako; uye dzichakusimudza, pamaoko awo,
kuti urege kungumbusa tsoka Yako padobho'''.[7]
[8]Zwekare dhiabhurosi akamutora akamuisa pazwibho yepamusoro akamuratiza wuche wose wepanyika pamwechete
nekugwinya kwawo. [9]Iye akati kuna Jesu : '' Zwinu zwese izwi dinokupa, kana ukadibfugamara ukandinamata''.[10]Zwino
Jesu akamuti: ''Budha kwandiri Satani! Nekuti zwakanyorwa kuti: 'Namata Jeova Mwari wako umushumire Iye hega'''.
[11]Zwino Satani akamusia uye[12]Jesu achitswa kuti Johani asugwa, aendeswa kuGarirea. [13]Achibuda kunazareta akaenda
korarama kuKapenaume,pamwechete nepanogara gugwa reGarirea, pamiganhu yeZabhuruni nenaftarimi.[14]Izwi
zwakaitika kuti zwidzadziswe zwakataurwa nemuporofita Isaya: [15]''Nyika yeZabhuroni nenyika yeNeftarimi, panzira
yegungwa, mhiri kweJoridani. Garirea rewahedheni! [16]Wanhu wanga wari murima wakaona chiedza chikuru, newaya
wanga wari munyika nemwemubvuri werufu, chiedza chikawabudira''.[17]Kubva paguwa iyoyo, Jesu akatanga kuparidza
achiti: ''Tendeukai tendeukai nekuti wuche wekundega watswender''.[18]Jesu akati achifamba pagungwa reGarirea,
wakaona warume wawiri, Simoni, unidzi pita, naAndrea, waikandira mabhure mugungwa, wuye waiwa wabati wehowe.
[19]Jesu akawati kwaari: ''nditewerei, ndigokuitai wabati wewanhu''. [20]Nekundaro wakasia mabhure awo uye
wakamutewera.[21]Zwino Jesu achifamba, akaonazwe warume wawiri ,Jakobho mwanakomana waZebheni, na Johani. Iwo
wakanga warimuchikepe Zebheni, na baba wake, wachigadzirisa mabhure awo.Iye akawadhainza [22]nekundaro, wakasia
chikepe na babawao, wakamutewera.[23]Jesu akapota Garirea, yose achidzidzisa mumasinagongi awo, achiaparidza
ivhageri yeuche, uye wachirapa hocha zose nezwirwere zwose zwawanhu. [24]Mukurumbirawake ukaswika nyika yose
yesiria, uye wanhu wakaunza wese wairwara, nezwirwere zwakasiana zwemarwadzo: Newakanga waine mweya
yetswina, newanezwipucha: newakafa mitedzo Jesu akawaporesa. [25]Wanhu wazhinji waibva Garirea, nedhepokari,
Jerusarema neJudhea nemhiri kweJoridani.

5
[1]Jesu akati achiona, wanhu wajinji akakwira mukomo, akagara pasi wadzidzi wakauya kwaari. [2]Zwino iye akabvura
muromo wake uye akatanga kuwadzidzisa, achiti: [3]''Wakaropafadzwa warombo paMweya, nekuti wuchewendenga
ndewawo. [4]Wakaropafadzwa wanochema, nekuti wachanyarazwa.[5]Wakaropafadzwa wanyoro, nekuti wachagara nhaka
yenyika. [6]Wakaropafadzwa wanenzara nenyota yekururama, nekuti wachasogutiswa zwikuru. [7]Wakaropafadzwa
wanetsitsi, nekuti wachaitirwa tsitsi. [8]Wakaropafadzwa wakachena mumoyo, nekuti wachaona Mwari.[9]Wakaropafadzwa
wanoyananisa, nekuti wachadaidzwa wana waMwari. [10]Wakaropafadzwa wanotabudzwa nekuda kwekururama, nekuti
wuche wekundenga ndewawo.[11]Makaropafazwa imwi kana wanhu wachikuzwidzai wachikutabudzai, wachikupomerai
zwakaipa zwese nenhema nekuda kwangu. [12]farai mufarisise kwazwo, nekuti mubairo wenyu mukuru kundenga. nekuti
wakatabudza sekudaro waporofita wakazwirarama imimi musati.[13]Imi muri sauti yepanyika, asi kana sauti yarasa
wadurungunda, hungachadiswa seiko zwekare? hauchabatsiri chinhu, asi inokadirwa kunze kuti itsikwe newanhu. [14]Imi
murichiedza chenyika. Guta rakawakwa pagomo aringa gari yakanwada.[15]Akuna anobatsa rabhi akaisa pasi pendegu, asi
kunze kweizvozvo, anoisa pachigadziko kuti ibveneke imba yose. [16]Nekudaro chienza chenyu gachibveneke pamberi

 generated on Tue Aug 5 16:08:39 2025

pewanhu kuti wawone mabasa eyu akanaka uye morumbidza kuna Baba warikundenga.[17]18 Musafunga kuti Ini dakauya
kozoparadza Mutemo; Kana mapororofita, adina kuya kozoputsa asi kodzadzisa. [18]Nekudaro,zwirokwazwo ini
dinokutaurirai kuti, kuswikira matenga nenyika apfura, yota imwe, kana tsanga, imwe yemurairo, kuzwikira zwese
zwadzadziswa.[19]Naizwozwo aninani anoputsa humwe wemurairo muduku uyu uye achidzidzisa wamwe kuita saizvozvo
achadainzwa muduku mumambo wekundenga. Asi mumwenemumwe anochegeta mirairo hi achidzidzisa achadainzwa
mukuru kuWumambo wekundenga. [20]Nekudaro dinokutaurirai kuti, kururama kweyu kusigadariki kururama
kwewanyori, nekwewafarisi, amupindi muWumambo wekundenga.[21]Makatswa zwakataurwa muguwa yekare:
'Musauraya', aninani anouraya uchapara nyaiya yekutongwa.' [22]Asi ini ndinokutaurirai kuti aninani unotsamwira hama
yake pasina nyaya uchapara nyaya ingatongwa ; Uye aninani unoti kuhama yake: Raka'! achapara nyaya pamakorokota;
Uye aninani anoti: 'benzi! uchapara nyaya kuti atogerwe Gehena remoto.[23]Naizwozwo kana uchiuya nechipo chako
paaritari ukarangarira ipapo kuti hama yako inemhoswa newe, [24]unosia chipo pamberi, peatari, woenda kotaurirana ne
amayako, wapedza wouya kozopa chipo chako.[25]Swika pakuwirirara nemunziwisi wako nekukasika, uchirinaye munzira
kwenda kuwutogi, kuti munziwisi wako arege kukuisa kumutongi, uye mutongi okuisa kumutariri, ukasungwa.
[26]Zwirokwazwo Ini ndinoti: Aungabudimo usina kupa kamare kekupenzesera.[27]Makanzwa kuti zwakataurwa: Musaite
hupombwe'. [28]Asi ini ndinokutaurirai kuti aninani unotarisa mukadzi achimuchiwa watoita hupombwe naye mumoyo
make.[29]Kana, dziso rako rerudyi rinokuita kuti utadze, ribvise worasira kure, nekuti zwirinani ndhiwi rimwe remwiri
wako rife panekuti mwiri wako wese hukandirwe muGehena. [30]Uye, kana ruoko rwako werudyi uchiyita kuti utadze,
ugure hurirasire kure, nekuti zwirinani kuti ndiwi rimwe rife panekuti mwiri wese unkadirwe muGehena.
[31]Zwakataurwa kuti: 'Aninani anoramba mukadzi wake ngamupe tsamba yekurambana. [32]'Asi ini ndinokutaurirai kuti
wese anorambana nemukadzi wake, nenyaia yeupombwe; Uye aninani unororana naye, muchure mwekuti arambana,
anoita upombwe.[33]Makazizwa kuti zwakatswi kunewaya wekare muguwa yawo: Musapika nhema, asi muripe kupika
kwenyu kuna mwari.' [34]Asi Ini dinokutaurirai kuti musapika nechimwe chinhu: kana nendenga, nekuti yichigaro
chaMwari; [35]Kana nenyika, nekuti hichitsiko chetsoka dzake; Kana neJerusarema, nekuti ndiro guta raMambo mukuru.
[36]Usapika kana nemusoro wako, uye augoni kuchandura bvudzi rimwe kuti riwe risvipa kana richena. [37]Asi kuti choko
rako riwe: hongu, hongu,' kanakuti 'kwete, kwete,' kudze kweizvozvo zwinopfura izwi zwinobva kuneMweya yeswina.
[38]Makanzwa kuti zwakataurwa: 'dziso rinonzibwa ne dziso, zino nezino.' [39]Nekundaro ndinoti kwamuri: musadziwisa
wakaipa; nekundaro, aninani unokuchaya padama rerudyi pameso wako, muperimwe saindi zwekare.[40]Kana umwe
akanda kukutora kwenda newe kuwutongi kuti atore hembe yako, yemukati regera munhu iyeye atorewo nehembe
yekunze. [41]Kana, munhu akakumanikidza kuenda maira imwe, uende naye mbiri. [42]Ipa aninani anokumbira, uye
usamufuratira kuna aninani anoda kukukwereta kwauri.[43]Makasva kuti zwakataurwa kuti: ' hude wekwako uye uwenge
muwengi wako'. [44]Asi ini ndinoti kwamuri: Indai wawengi wenyu uye namatirai kune waya wanokutambudzai, [45]kuti
wawe wana weBaba wenyu warikundenga, uye iye unoita kuti wanobudisa wakaipa newakanaka zuwa rawo nebvura
wanoinaisa kune wakarurama newasina kururama.[46]Nekuti, kana muchida wanokudai, munemubairo wei? Achisi
chokwandi ere kuti wateresi wanoita zwimwe chete? [47]Kana muchikwadzisa hama nzenyu benzi, munondarika wamwe
neiko? Achisi chokwadi ere kuti watariri wanoita zwimwezwo? [48]Nekudaro iwai wakakwana, saBaba wenyu
warikundenga.

# 6

[1]Gwarirai kuti murambe kuita kururama kwenyu pamberi pewanhu kuti muwonekwe nawo, kana mukadaro amuwani
mubairo kuna Baba wenyu warikundenga. [2]Zwino, kana uchipa warombo zwipo,usaridza wamanda pamberi pewamhu
sezwinoita wanyegeri mumasinagogi nemugwadzi, nzemumucha kuti wakuzwe newanhu. Zwirokwazwo Ini ndinoti
kwamuri: iwo watopiwa mubairo wawo.[3]Asi iwe kana uchipa zwipo usasia kuti ruwoko rwako rwerubosve ngarirege
kuzia chirikuitwa nerurudyi, [4]kuti kupa kwenyu kuwe kwakahwanda; Ipapo Baba, wenyu wanowona
pakahwanda,wachakupai mubairo.[5]Kana, muchinyegetera, musaite sewanyegeri, nekuti wanofarira kunyegetera
wakamira mumasinagogi nepamharadzano, kuti wahonekwe newanhu. Zwirokwazwo Ini dinokutaurirai kuti iwo
watotambira mubairo wawo. [6]Asi kana muchinyegetera, pindai mudzimba nzenyu dzemukati, mobvara musuwo,
monyegetera kuna Baba, wari pakawanzika; nekudaro Baba, wenyu wanowona pakawanzika, wachakupai mubairo.
[7]Kana muchinyegetera, musadzokerenze zwisinamaturo, sezwinoita wahedheni; Nekuti wanofunga kuti wanotswika
nekuda kwemachoko akawanda.[8]Nekudaro musaite saiwo, nekuti Baba wenyu wanozia zwamunoda musati makumbira
kwaari. [9]Zwino namatai kundai: Baba wedu murikundenga, Zita renyu ngarikudzwe. [10]Wumambho wenyu
ngawuye.Kuda kwenyu ngakuitwe panyika sezwakunoitwa kundenga.[11]Tipei kudya kwezuwa ranasi. [12]mutikanganwire
zwitadzo zwedu, sekuregerera kwatinoita wanotitadzira. [13]Uye musatisiye tichipinda mukuetswa asi mutinunure
asimutinunure mune zwakaipa'.[14]Nekuti kana muchirengerera kudarika kwewanhu, Baba wenyu warikundenga
wachakuregereraiwo. [15]Asi kana mukasaregerera kudarika kwewanhu, Baba wenyu hawakuregererei.[16]Kunze kwazwo,
kana uchitsanya, usapangidzire kusuwa pachiso chako, sezwinoita wanyegeri, nekuti iwo manopisa chiso chawo kuti
waonekwe newanhu kuti warikutsanya. [17]Zwirokwazwo dinoti kwamuri kuti iwo watotanpira mubairo wawo. Asi iwe
kana uchitsanya, zora musoro wako nemapfuta wogesa chiso chako, [18]kuti usawonekwa newanhu kuti urikutsanya, asi
kunaBaba wenyu chete, waripakawanzika. Uye Baba, wako wanowona pakawanzika, wanokupa mubairo.[19]Regai
kuhunganidza fuma yenyu panyika, panezwi zwipfuyo nemgura zwinopedza, nepane mbabva dzinopadza dzichiba. [20]Dai,

 generated on Tue Aug 5 16:08:39 2025

mauganidza fuma kudenga, kusina zwipfuyo nengura zwinopedza, kusina mbabva zinopaza dzichiba. [21]Nekuti panefuma yako, nemoyo wako uchawapo.[22]Mwenje wemwiri inziso. Asi, kana manziso hako akanaka, nemwiri wako wese uchazara nechiendza. [23]Asi, kana manziso ako akaipa wose, nemwiri wako wese uchazara nerima. Zwino, kana chiedza chirimauri riri rima, rima iroro ikuru sei! [24]Akuna munhu unobatira watenzi wawiri, nekuti uchawenga umwe, akada mumwe, uchanamatira mumwe akachora mumwe. Amuchadiri Mwari nefuma.[25]Saka dinoti kwamuri: Musachuchikane newupenyu wenyu, kuti dichadyei kana kuti dichamwei, kana pamusoro pemwiri wenyu, dichapfekei. Upenyu audariki zwekudya ere, uye mwiri audariki zwekupfeka ere? [26]Tarisai chiri dzekudenga: Adzisimi, kana kukowa, adziunganiziri mumatura, nezwese Baba wenyu wekudenga wanodzipa zwekudya. Imi amudzipfuri zwikuru ere?[272829]Dianiko kwamuri ungatutsira, kubiti, rimwe paurefu wake nekuchuchikana muguwa yeupenyu? Uye ngei muchichuchikana nezwekupfeka? Fungai maruwa ebundo, kumera kwawo: Haabati haaruki. Asi dinoti kwamuri: Kunyagwe Soromoni pakugwinya kwake kwese haana kupfeka seumwe wawo.[30]Zwino kana Mwari achifukidza wuswa webundo, uripo nhasi uye uchakandirwa muchoto, magwana haakufukidzi, nekupfurisa imi wekutenda kuchoma ere? [31]Naizwozwo musafunge, muchiti: saka, 'Dichadyei?' Kanakuti, 'tichamwei?' kanakuti, 'tichafukei?[32]Nekuti wahedheni wanotswaka izwozwi zwese, uye nekuti Baba wenyu wekudenga wanozia kuti munozwida zwese izwo. [33]Asi tangai matswaka wuMambo waMwari nekururama kwake zwino zwinhu zwese zwichawenzerwa kwamuri. [34]Naizwozwo musachuchikane pamusoro peramagwana, nekuti magwana achazwifunganyira zwawo. Zuwa rimwe nerimwe rinokwanirwa nenhamo yayo.

## 7

[1]Musatonge kuti murege kutongwa. [2]Nekuti nekutonga kwamunotonga nako muchatongwawo nako, uye nechiero chamunoera nacho muchayerwa nacho.[3]Unotarisirei rubanzu ruri muziso rehama yako, asi hauwoni danda riri muziso rako? [4]Unotaura sei kuhama: 'yako uchiti siandibvise rubanzu muziso rako', izwo danda riri muziso rako? [5]Munyengeri! Tanga wabvisa danda muziso rako wozowona kwazwo kubvisa rubanzu muziso rehama yako[6]Musape imbwa, zwinhu zwitswene uye musakande maparera enyu kune nguruwe kuti dzirege kutsika netsoka dzawo nzikadzokerazwe pamusoro penyu, dzikakubvarurai.[7]Kumbirai muchapiwa; Tswakai, muchawana; Gogodzai, muchazarurirwa. [8]Nekuti aninani anokumbira, anopiwa; uye uya anotswaka, anowana; kune uya anogogodza achazarurirwa. [9]Munhu upi kwamuri kana mwana akumbira chigwa, homupa mbuwe? [10]kanakuti mwana akakumbira howe ungamupa nyoka? [11]Zvino kana, imi makaipa, muchizia kupa wana wenyu zwakanaka, Baba wenyu warikudenga, wanopfurisa seiko kupa zwinhu zwakanaka kune waya wanokubira kwaari? [12]Saka zwinhu zwese zwamunoda kuti wanhu wakuitirei, munofanira kuwaitirao saizwozwo; nekuti uyu diwo mutemo newaporofita.[13]Pindai nepadho rakamanikana, nekuti dho rakafara yakapamhamha inotora kuparadza, uye kune wanhu wazhinji wanopinda namo. [14]Asi dho rakamanikana inzira inoenda kuwupenyu, wanoiwona wachoma.[15]Gwarirai newaporofita wenhema, wanouya kwamuri waine hembe dzemakwai, asi mukati wari mapere anoparaza. [16]Muchawaziwa nezwimbereko zwawo. mazambiringa anombotanhwa pamitswa here, kana mawonde parukoto? [17]Saizwozwo, muti mumwe nemumwe wakana unombereka zwimbereko zwakanaka, asi muti wakaipa unombereka zwimbereko zwakaipa.[18]Akuna muti wakanaka hunombereka zwimbereko zwakaipa, uye akuna muti wakaipa unombereka zwimbereko zwakanaka. [19]Muti wese usingambereki zwimbereko zwakanaka unotemwa wokandirwa mumoto. [20]Saka muchawazia nekuda kwezwimbereko zwawo.[21]awasi wese wanoti: Iche, Iche,' wachapinda muWumambo wekuDenga, asi waya wanoita kuda kwaBaba wangu warikuDenga. [22]Wamhu wazhinji wachati kwadiri nezuwa iro: 'Iche, Iche, isu atina kuporofita muzita renyu ere? Muzita renyu atina kubvisa madimoni ere uye atina ere kuita minana mijinji? [23]Asi Ini ndichawataurira pachena: 'Ini andina kubvira dakuziahi! ibvai kwandiri, imi waiti wekusarurama!'[24]Naizwozwo wese uya unonzwa machoko angu akawaterera uchafananidzwa nemurume akachenjera akawaka imba yake paruware. [25]Mvura yakanaya, mvura zhinji yakauya, mitutu ikavhuvhuta ikachaya imba; Asi aina kundhona, nekuti yanga yakateiwa paruware[26]Asi wese uya anonzwa machoko angu uye asingawatereri, anofananinzwa nemurume benzi akawaka imbayake pajecha. [27]Mvura yakanaya, mvura zhinji ikauya, mitutu ikavhuvhuta ikadhonesa, imba; Uye kudhona kwayo kwakawa kukuru.''[28]Jesu akati, apedza kutaura machoko iwawo, wanhu wazhinji wakachamisika nedzidziso Yake, [29]nekuti Iye aidzidzisa semunhu anesimba, asingaiti sewasadhusi.

## 8

[1]Jesu akati achibuda mugomo, wanhu wazhinji wakamutewera. [2]Zwino pakauya munhu anemaperembudzi kwaari, akamunamata achiti: ''Iche, kanamuchida munondichenesa''. [3]Jesu akatambanudza maoko Ake akamumbata, akati: '' Ndinoda: Chicheneswa''. nekukasika iye akacheneswa maperebhudzi ake.[4]Jesu akati kwaari: '' tarisa usataurire munhu. tehera nzira yako, uzwiratidze kumupirisita uye uratidze chipo chakarairwa na Mosesi chiwe, chapupu kwahari''.[5]Jesu pahakapinda mukapenaume, umwe mukuru wezana akauya kwahari uye akakumbira zwikuru: [6]''Achiti Iche, muranda wangu arara kumba akafa mitedzo anotambudzika zwikuru''. [7]Jesu akamuti: ''ndichauya uye ndichamuporesa''.[8]Mukuru wezana akandaira achiti: ''Iche ini andina kukonzera kuti mupinde mumba mangu, asi taurai choko muranda wangu anopora, [9]nekuti ini ndirimunhu anewarwi pasipangu. Ndinotaura kune mumwe kuti: 'Enda, iye anoenda, uye kunemumwe: 'Uya ', iye anouya, nekumuranda wangu: itaichi, iye anoita. [10]''Jesu akati achizwa izwi, akachamisika zwikuru akati kune waimutewera: ''Zwirokwazwo ini ndinokutaurirai kwamuri kuti andisati ndambowona kutenda


generated on Tue Aug 5 16:08:39 2025

kwakadai kunyagwe nepakati peIsraeri.[11]Ini ndinokutaurirai kuti: Wakawanda wachauya wachibva kumabvazuwa,
nekumandokero wachagara na Abhurahamu, naIsaka naJakobho, muwuMambo wekuNdenga. [12]Asi wana weuMambo
wachabviswa kurima rekunze, [13]ipapo pachawa nekuchema nekugeda geda kwemazino''. Jesu akataura kumukuru
wezana:'' Enda! sekutenda, kwawaita ngazwitike sekudaro kwauri''. Uye muranda akaporeswa panguwa iyona.[14]Jesu
pahakapinda muimba ya petro, wakaona wamai wemukadzi wake akarara nekurwara. [15]Jesu akamubata moko wake, uye
kurwara kukamusiya; zwino iye akamuka akatanga kumuchandira.[16]Kwawa kundoka, wanhu wakauya kuna Jesu
wakawanda waiwa neMweya yakaipa, Iye akaidzinga mweya ne Choko, uye akarapa wese wairwara. [17]nekudaro,
zwakadzadziswa zwakataurwa nemuporofita , Isaya: '' Achiti, iye akatora marwadzo hedu akatakura zwirwere zwedu''.
[18]Jesu akati achiwona wanhu wakawanda wakamupoteredza, akawaraira kuti ayambhukire kuimwe mhiri yekuGarireya.
[19]Zwino mumwe munyori akauya kwahari akati: ''Mudzidzisi, ini ndichakutewerai kwese kwamuchaenda''. [20]Jesu
akamuti: ''Mungubwe dzine mwena, uye chiri dzekunDenga dzine matendere, asi Mwanakomana Wemunhu haana
pekuzorodza musoro wake ''.[21]Mumwe wewadzidzi akamuti: '' Iche, nditenderei henyu ndimboenda kowinga baba
wamgu''. [22]Asi Jesu akamuti: '' Nditewere, regera wakafa wawige wakafa wawo''.[23]Jesu akati achipinda muchikepe,
wadzidzi wake wakamutewera. [24]Zwino pakauya dutu guru remhepo mugugwa, nekudaro igwa rakafukidza chikepe; asi
Iye wakanga wakarara. [25]Wadzidzi wakauya kwahAri akamumutsa, achiti: '' Tiponesei Iche: Isu tirikuda kufa!''[26]Jesu
akawati: ''Murikutyireiko? Imi wekuntenda kuchoma?'' Iye akasimuka akaraira dutu negugwa, kudzika kukuru
kukawapo. [27]Wanhu wakachamisika kwazwo wakati: ''Munhu werudzi uyu, wanotererwa nedutu negugwa?''[28]Jesu akati
aswika kuimwe mhiri, kunyika yewaGadara, wanhu wawiri wangawaine mweya yetswina wakasangana naye. wachibva
kumakuwa uye wanga waine hacha zwikuru kuru, zwekuti hapana waikwanisa kupinda negwadzi inyonyo. [29]Zwino iwo
wakatanga kudaizira wachiti: '' tinemhaka yeiko nemi, Mwanakomana waMwari? Mawuya pano kozoti rwadzisa guwa
isati yagwana?''[30]Kwainge kune boka guru renguruwe dzanga dzichidarika kure nawo, dzichitswaka zwekudya.
[31]Madimoni waikumbira kuna Jesu achiti: '' kana mukatidzinga, titenderei kuti tipinde hedu muboka renguruwe:'' [32]Jesu
akawati:'' Endai! madimoni akabuda akaenda kuboka renguruwe; Zwino boka rose rakamhanyira kumawere kugugwa
nguruwe dzese dzikafira mubvura.[33]Ipapo waifudza nguruwe wakatiza, wakapinda muguta, wakataura zwese,
zwakaitika nemadimoni. [34]Zwino guta rose rakauya kuzosangana naJesu. pawakamuwona, wakakumbira kuti abve
munyika yawo.

# 9

[1]Jesu akapinda muchikepe, akayambuka akaswika kuguta rake. [2]zwino wakaunza umwe murume kwahari akafa mitedzo
akarara pabonde. Jesu akati achiona, jesu akati kumurume akafa mitedzo: ''Mwana sunga moyo zwitadzo zwako
zwaregererwa''.[3]Zwino wamwe wewanyori wakati mumonyo mawo, munhu oyu unomhura Mwari''. [4]Asi Jesu waiziwa
Zwawaifunga akawati: '' nei muchifunga zwakaipa mumoyo yenyu? [5]Dechipi chakareruka kutaura kuti: ' zwitadzo zwako
zwaregererwa' kana kutaura kuti: simuka ufambe'? [6]Asi, kuti muziye kuti Mwana komana weMunhu unesimba panyika
rekuregerera zwitadzo...'' akataura kumunhu akafa mitenzo ---''Simuka, tora mbonde rako uye kumba kwako '''.[7]Ipapo
murume akasimuka akaenda kumbakwake. [8]Wanhu wakawanda pawakazwiwona, wakachamisika zwikuru uye
wakamurumbidza mwari, wakapa wanhu simba rakandai. [9]Jesu achibva ipapo, akaona umwe murume aidzi mateo,
akagara panotereswa, akamuti: '' Nditewere''. Iye akasimuka akamutewera[10]Jesu akati agara muimwe imba, kuti adye,
wateresi wakawanda newatadzi wakauya kozodya naye newadzidziwake. [11]Wafarisi pawakazwiwona izwo, akataurira
wadzidziwake: '' nei mudzidzisi wenyu harikudya newateresi uye newatadzi?''[12]Akati achiswa izwo, Jesu akati: ''Waya
wane hutano awatswaki murapi, Asi waia wanorwara. [13]Endai mudzidze kuti zwinorewei kuti ndinoda nyacha kwete
chibairo,' nekuti Ini andina kuya kozodaidza wakarurama asi watadzi, kuti watendeuke''.[14]Zwino wadzidzi waJohani
wakauya kuna Jesu wakataura kuti:'' Nei isusu nawaFarisi tinozwinyima zwekudya guwa zhinji asi wadzidziwenyu
awazwinyimi?'' [15]Jesu akawati : '' Zwinoita ere kuti chamwari zechikomba dzicheme chikomba chichirinawo? Asi
ichaswika guwa yekuti chikomba chichabviswa kwari neguwa iyoyo wachazwinyima zwekudya:[16]Hakuna munhu unoisa
chigamba chitswa pahembe yakasakara, nekuti chakasonwa chinobvarura hembe, mburi , rinowenzera.[17]Akuna
wanodira waini inyowani muhombodo tsaru nekuti hombodo dzinoparuka waini ingadururirwa, newombodo
dzinofawo. Asi wanodurura, waini itswa muwombodo itswa, zwiwiri zwese zwichachegeteka ''.[18]Jesu achitaura izwozwo,
humwe mubati akauya pamberi pake, akamunamata akati: '' Mwana wangu abva kuchaika, asi uyai muhise mohoko
wenyu pamusoro pake, uye iye achararama''. [19]Zwino Jesu akasimuka akamutewera Newadzidzi wake.[20]Zwino mumwe
mukadzi, wairwadziwa kwekubuda ropa makore gumi nemawiri , wakauya kuna Jesu akabata mupendero we hembe
Yake; [21]iye akati mumoyo make: '' Kana ndikabata hembe yake, ndichaporeswa. [22]''Jesu akatendeuka, akamuwona akati:
''Mwana wangu, kutenda kwako kwakuponesa''. Mukadzi akaporeswa.[23]Jesu akati achipinda mumba memubati, akaona
kuti waridzi wenyere newanhu wakawanda wachita noinzi guru; [24]Iye akati: '' Ibvai pano, nekuti musikana haana kufa,
asi akarara''. Iwo akamuseka.[25]Asi wanhu wakawanda pawakabviswa, Iye akapinda mukati akamubata mohoko wake
musikana akasimuka. [26]Mukurumbira uyo wakatswika kunyika iyoyo yose.[27]Jesu akati achibuda ipapo, warume wawiri
mapofu wakatewera, achidaidzira achiti : '' Titswireiwo nyacha, Mwanakomana waDavidi!'' [28]Jesu akati apinda mumba,
warume wari mapofu wakaenda kwahari. Jesu akawati. ''munontenda kuti ndinokwanisa kuita izwi ere?'' Iwo akadaira
achiti: ''Hongu Iche.''[29]jesu akawabata madziso hawo akati: ''Ngazwitike sekutenda kwamaita''. [30]Madziso awo
akaswinudzwa. Jesu akawaraira kwahari: '' Gwarirai kuti zwirekere kuzigwana nemunhu.'' [31]Asi warume wawiri

 generated on Tue Aug 5 16:08:39 2025

wakabuda wakataura nekuda kwake kunyika iyo yose[32]wakati achibuda warume wawiri, umwe murume mbewewe
waiwa neDimoni akahudswa kuna Jesu. [33]Dimoni parakabviswa, murume mbewewe akatanga kutaura. wamhu
wakawada wakatanga kuchamisika akataura kuti: '' izwi azwisati zwamboitika pakati pewa Iswaeri! '' [34]Asi waFarisi
akati: '' anobvisa maDimoni nemukuru wemaDimoni''.[35]Jesu akafamba mumanguta wose nemumicha yese, achidzidzisa
mumaSinagogi, achiparida IVageri yeuMambo uye achirapa zwirwere zwese nemarwadzo ese hewanhu. [36]Akati achiona
wanhu wakawanda, akawamzwira tsitsi, nekuti wanga waneta wakapararira, samakwai asina mufudzi[37]Iye akataura
kuwa dzidzi wake: '' Kucheka kukuru, asi wachandi wachoma . [38]Nekudaro kumbirai kunaMwari wekucheka, kuti
watume wachandi pakucheka Kwake

## 10

[1]Jesu akaunganidza wadzidzi wake gumi newawiri, akawapa simba pamusoro pemweya yetswina kuti waibudise, uye
kuti arape kurwara kwese Nemarwadzo ose.[2]Mazita hewapostora wegumi newawiri ndiwo aya: Wekutanga, Simoni,
waidzi Petro, na Adrea, munun, una wakeJakobho, mwanakomana waZebedi, naJohani, hama yake; [3]Firipi na Batoromeo;
Tomasi na Mateo, muteresi; Jakobho, mwanakomana waRafeo na Tadeo; [4]Simoni mukanani na Judas Iskarioti, uya
wakamupandukira.[5]Jesu akatuma wanegumi newawiri; Iye akawaraira achiti: ''Musaenda munzira yewahedeni
yawanorarama, uye musapinde muguta rewaSamaria. [6]Asi zwirinani kuti, muende kumakwai akarasika weimba
yeIsraeri. [7]mufambe mutewere muparidze, muchiti: Wumambo wekunDenga wakuswika'.[8]Poresai wanorwara, mutsai
wakafa, natsai wane maperembudzi, uye dzingai maDimoni. nenyacha makapiwa, nenyacha ipai. [9]Musatora mare kana
siriva, kana ndarira muzwikwama zwenyu; [10]kana hombodo yerwendo, kana hembe mbiri, kana changu, kana tswimbo,
nekuti hanobata muchandi wezwekudya zwake,[11]Kunyagwe guta ripi naripi nemumucha dzose pose pamunopinda,
bvunzai kuti ndiani akafanira uripano, mugarepo kuzwikira mabudamo. [12]Kana muchipinda mumba imomo,
muwachungamidze. [13]kana imba yakafanira, siyai rugare pairi; asi, kana isina kufanira, rugare rwenyu garudzokere
kwamuri.[14]Kune waya wasingakugamuchiri kana kudswa machoko enyu, mukabuda paimba iyoyo kana paguta,
muzudze ibvu riripatsoka dzenyu. [15]Zwirokwazwo ndinoti kwamuri: kuchawa nekurerukirwa munyika ye Sodhoma
neGomora muzuwa rekutogwa kudarika guta iro.[16]Tarirai Ini ndinokutumai samakwai pakati pemapere, saka gwarai
senyoka mururame senjiwa. [17]Asi gwarirai kuwanhu, nekuti wachakuisai kuwungano dzamakorokota nemumaSinagogi,
uye wachakurowai zwikuru. [18]muchaiswa pamberi pewabati nemadzimambo, Nekuda kwangu sechapupu kwahari
nekuwahedheni.[19]Kana iwo akakuisai, musathia kuti muchataurei, nekuti muchapiwa zwekutaura panguwa iyoyo.
[20]Nekuti amusimi muchataura, asi mweya wa baba diowo uchataura kwamuri.[21]Hama dzichaisa hama parufu, uye baba
achaisa mwana wake parufu. Wana wachamukira wana baba wao nekuwauraia. [22]Imi muchawegwa newese nekuda
kwezita Rangu, asi uya anochigirira kuswika kumagumo achaponeswa. [23]Kana iwo akakutewerai muguta rino, tizarai
kunerimwe, nekuti zwirokwazwo Ini ndinokutaurirai: amupedzi maguta ese heIsraeri Mwana komana Wemunhu asati
auya.[24]Mudzidzi hawasi wakuru kudarika Mudzidzisi wake, kana muranda Iche wake. [25]Zwakaringana kuti mudzidzi aite
semudzidzi, uye muranda saIche. kana iwo wakadaidza mudzidzisi weimba we Beerzeburi, wachadaro pamuridzi
weimba wachadaro zwikuru![26]Saka musathia, nekuti akuna chinhu chakafukidswa chisingazobudi pachena, kana
chakahwanda chisingazoziwiki. [27]Zwandinokutaurirai Ini murima, taurai pachena uye zwamunodzwa munzewe dzenyu,
paridzirai pamusoro pezimba.[28]Musathia waya wanouya nyama, wasingakwanisi kuwuraya mweya. Zwikuru, muthie
wanoraiya nyama nemweya muGehena . [29]Ko shiri dzihiri dzindhoko adzitengeswi nehafu yesiriva? Kunyagwe nekudaro
imwe yawo aingadhoni pasi kunze kwaBaba wenyu. [30]Kunyagwe nebvudzi rese riri mumusoro wenyu, rakaweregwa.
[31]Musathia nekuti munodarika shiri dzindhiki dzakawanda.[32]Nekudaro wese uya anondipupurira pamberi pewanhu,
Neniwo ndichamupupurira pamberi paBaba wangu wariKundenga. [33]Asi uya unondiramba pamberi pewanhu, Neniwo
ndichamuramba pamberi paBaba wangu wariKundenga[34]Musafunga kuti ndakauya kozoisa rugare panyika; Andina
kuya koisa rugare, asi munondo. [35]Ini ndakauya koisa kupesana kumwana kuna baba wake, uye Mwana sikana kupesana
na mai wake, nemukadzi wemwana kupesana na wamwene wake. [36]Uye wawengi wemunhu achawa weimba yake.
[37]Aninani anoda baba kana mai kudarika Inini hana kufanira kwandiri; uye uya unoda mwana komana kana mwana
sikana kudarika Inini haana kufanira Kwandiri. [38]uya asingatakuri muchinjikwa wake achinditewera haana kufanira
kwandiri. [39]Uya unoda upenyu wake acharasikirwa nawo; asi uya unorasikirwa neupenyu wake nekuda kwangu
achauwona.[40]Uya unokugamuchirai imimi, Inini unondigamuchira, uya Unondigamuchira, uchagamuchirawo
newakandituma. [41]Uya unogamuchira muporofita , nekuti iye muporofita, achawa nemubairo wemuporofita, uya
unogamuchira munhu wakarurama, nekuti iye imunhu wakarurama uchapiwa mubairo wemunhu wakarurama.
[42]Aninani anokupai muzita remudzidzi, mumwe kumundhiki, awa mukombe webvura inotonhorera chete zwirokwazwo
ndinokutaurirai: Iye haangarasikirwi nemubairo wake.

## 11

[1]Jesu akati apedza kuraira wadzidziwake gumi newairi, akadarika ipapo kuti adodzidzise nekuparidza mumaguta hawo.
[2]Zwino Johani arimunjeri akadzwa mabasa aJesu, akatumira tsamba newadzidziwake [3]akati: '' Ko ndimi waitaurwa kuti
warikuya ere, kanakuti kunemumwe watirkumirira?''[4]Jesu akadaira achiti: ''Endai komutaurira zwamurikuwona
nezwamurikudzwa: [5]kuti mapofo warikuwona, zwirema zwirikufamba, wanemaperembudzi wanocheneswa, wematsi
warikundzwa, wakafa wanomutswa, newarombo wanoparidzirwa Evhangeri. [6]Wakaropafadzwa uya usingakubuswi


generated on Tue Aug 5 16:08:39 2025

Neni''.[7]Aya akati achienda nenzira yawo, Jesu akatanga kutaurira wanhu wakawanda pamusoro paJohani: ''Manga
maenda kowonei kurenje? Rutsanga runozunuguswa nemhepo ere? [8]Manga maenda kowonei? Umwe murume akapfeka
hembe zakabata? pachokwandi, waya wanopfeka hembe zakabata wanorarama mudzimba dzamadzimambo.[9]Asi manga
maenda kowonei? Kozowona Muporofita ere? hongu,Ini ndinokutaurirai kuti: unodarika muporofita. [10]Uyu, ndiye
wakanyorwa pamusoro pake: Wona Ini ndirikutuma muwudzi Wangu pamberi pako, uchakugadzirira gwanzi rako
pamberi pako'.[11]Zwirokwazwo ndinokutaurirai: Kune wakaberekwa newakadzi, akuna mukuru kuna Johani
mubhabhatidzi; Asi mudiki muwuche weKundega mukuru kwaari. [12]Kutanga mumazuwa haJohani mubhabhatidzi
kuswikara nanasi, Wuche weKundeka urikutambudzwa, uye watabudzi warikuwutora nechisimba.[13]Nekuti waporofita
wese nemutemo wakaporofita kuswikira kuna Johani. [14]Imi, kana michida kuzwitenda izwi, uyu ndiye Eria, waitaurwa
kuti unouya. [15]Uya unenzewe kuti adzwe ngadzwe.[16]Ndinofananidza rudzi iri neiko? Rwakafanana newana warikutamba
pamusika, wachidaidzira kune wamwe [17]wachiti: 'Isu takakuridzirai nyere amuna kutamba. takakuririrai,
amunakuchema'.[18]Nekuti wakauya Johani, asirikudya, kana kumwa, iwo wakamuti: 'iye uneDimoni'. [19]Mwana komana
weMunhu wakauya wachidya nekumwa, iwo wakamuti: 'Tarisai, Iye imunhu unokara newamwi, nechamwari wateresi
newatadzi uchenjeri kunopembedzwa namabasa ako'.[20]Zwino Jesu akatanga kutuka maguta hese akanga aitwa minana
mijinji, nekuti iwo awana kutendeuka. Unenhamo Korazin! [21]''unenhamo Betsaida! nekuti minana yakaitwa mukati
menyu dai yaitwa muTire neSidon wangadai watendeuka kare nehembe dzesaki nedota. [22]Asi ndinoti kwamuri Tire
neSidoni wacharerukirwa muzuwa rekutogwa.[23]iwe, Kapernaume, uchasimudzirwa Kundeka ere? uchakandirwa,
munGehena; nekuti, dai minana dzesimba dzakaitwa mukati mako, muSodhoma ringadai richipo nanhasi. [24]Asi Inini
ndinoti Sodhoma ichararukirwa muzuwa rekutongwa kudarika iwewe''.[25]Panguwa iyoyo, Jesu akataura achiti: Ini
ndinokutendai Baba, Iche wekunDenga nepasi,nekuti makawanzira wakachenjera newakangwara,zwinhu izwozwo
makazwizarurira kuwana wadhiki. [26]Hongu, Baba, nekuti ndizwo zwakakufadzai. [27]Zwinhu zwese ndakazwipiwa
naBabawangu, akuna unoziwa Mwanakomana asi Baba, uye akuna unoziwa Baba, asi Mwana komana, nayie
Mwanakomana wanenge achida kumuzazurira.[28]Uyai kwandiri imi mwese makaremerwa makaneta, Ini
ndichakuzorodzai. [29]Isai joko rangu pamusoro penyu mufunde kwanDiri, nekuti ndiri munyoro ndinemoyo,
unozwininipisa, kuti muwone zororo pamweya yenyu, [30]nekuti joko rangu rakanaka uye rakareruka ''.

## 12

[12]Nenguwa iyoyo Jesu akafamba nepakati peminda yezwiyo, muzuwa resabata. wadzidziwake wakanga waine dzara
wakatanga kubvisa hura kuti wadye. [2]Asi, waFarisi pawakazwiwona izwo, wakataurira Jesu achiti: '' Tarisa
wadzidziwako warikuita zwisingatenderwi kuita musabata''.[3]Ipapo Jesu akawataurira achiti: ''Amusati maerenga ere
zwakaitwa naDhavidhi iye newakanga wainawo pawanga waine dzara! [4]Iye akapinda muimba yaMwari akadya zwigwa
zwekuratidza, zwanga zwisina kutenderwa kudya kwaari, kana newakanga wainawo, asi waitendera waPirisita chete.
[5]Uye auna kuerenga pamutemo kuti, sabata, waPirisita wanoputsa mutemo wesabata muchechi, wasina nyaiya? [6]Asi
ndinokutaurirai : waripano mukuru wechechi.[7]Dai maiziwa kuti zwinotaurei: 'kuti Ini ndinoda nyasha andidhi chibairo',
mungadai musina kutonga wasina nyaiya, [8]nekuti Mwanakomana wemunhu ndiye Iche wesabata''.[9]Zwino Jesu akabuda
ipapo akapinda muSinagoge. [10]Zwino ikoko kwaiwa neumwe munhu hangaine moko wakaunyana. Wafiristhia
wakamubvusa Jesu achiti: ''Unotenderwa ere kuporesa musabata?'' kuti wamupomere nyaiya.[11][12]Jesu akawati: ''Ndiani
kwamuri, ungawa negwai rimwe kana rikadhonera mugomba rakadzika, muzuwa resabata unoramba kuribvisa ere?
munhu upi unodarika gwai! zwikuru sei, saka zwakatenderwa kuita zwakanaka musabata''.[13]Zwino Jesu akataura
kumunhu: '' tambanudza maoko hako''. Iye akatambanudza iye akaporeswa, ukaita se umwe moko. [14]Asi waFarisi
wakabuda wakamupfirira mate, kuti wangamuraiya sei.[15]Jesu akati achidzwa izwo, Akabuda ipapo. Wanhu wajinji
wakamutewera, [16]akawaporesa wese akawaraira kuti warege kuziwisa kuwamwe wanhu, [17]kuti zwitike zwakataurwa na
muporofitra Isaya:[18]Tarira muranda wangu wandasarudza, Mundikani wangu, unofarirwa nemweya wangu. Ini
ndichaisa mweya wangu pamusoro pake, uye Iye achaziwisa wahedheni kutonga.[19]Iye hanga popoti, kana kuita
mheremhere, akuna angadzwi idzwirake mudzira dzemumucha . [20]Iye hanga bvisi rutsanga rwakapwanyika, uye
hangadzimi nemwenje unopfungaira, kuswikira achituma kutonga, kuti kutonge. [21]Wahedheni wachaita zita rake tariro
yawo.''[22]Zwino wakatora umwe murume waiwa bofu nembewewe aiwa neDimoni wakamuendesa kuna Jesu, uye Jesu
akamurapa. Naizwozwo bofu rakatanga kuwona nekutaura. [23]Wanhu wajinji wakatanga kuchamisika akataura achiti:
''Uyu angawa Mwanakoma waDhavidhi?''[24]Asi, waFarisi pawakadzwa minana iyo, akati: '' Murume uyu abvisi madimoni
asi naBherizebhuri, mukuru wemadimoni''. [25]Jesu achizwiziwa kufunga kwawo, akawati: ''Umambo umwe nemumwe
unozwipesanisa unoparadzwa neguta kana imba inozwipesanisa haingamiri.[26]Na Satani kana achibvisa Satani, iye
unozwipesanisa kwaari; wuche wake ungamira sei? [27]Kana Ini ndichibudisa madimoni na Bherizebhuri, wana wenyu
wanoibudisa nani? saka iwo wachawa watongi wenyu.[28]Asi kana INi ndichibvisa madimoni neMweya waMwari, saka
Wumambo waMwari waswika kwamuri. [29]Uye zwikaitika sei munhu hopinda muimba yemunhu unesimba akatora
nhumbi dzake asina kutanga kumusunga? Saka, iye hangatora nhumbi dzeimba yake. [30]Uya asiri neni, unopesana Neni,
uya usingaunganidzi neni unoparadza.[31]Naizwozwo, ndinokutaurirai kuti: zwitadzo zwese zwicharegererwa nekumhura
kuwanhu, asi kumhura Mweya mutswene hangakanganirwi. [32]Aninani unotaura Choko rakachata KuMwanakomana
weMunhu, uchakanganirwa; Asi uya unotaura choko rakaipa kuMweya Mutswne, haangakanganirwi, kana panguwa ino
kana panguwa yarikurarama panyikaino ne inouya.[33]Kana muti wakanaka, nezwimberoko zwawo zwakanaka; Kana


generated on Tue Aug 5 16:08:39 2025

muti wakachata nezwimbereko zwakachatawo, nekuti muti wese unodzikana nezwumbereko zwawo. [34]Zwimbereko
zwenyoka, zwamuri wakachata, munotaura seiko zwakanaka? Nekuti muromo unotaura zwakawanda zwiri mumoyo.
[35]Munhu wakanaka, unobudisa, zwakanaka, pakati pemoyo wake, nemunhu wakaipa, unobudisa zwakaipa.[36]Ini
ndinokutaurirai kuti, muzuwa rekutongwa, wanhu wachazodaira choko rimwe nerimwe risina maturo raakataura.
[37]Nekudaro, nemachoko ako ucharuramiswa, uye nemachoko ako uchatongwa nawo''.[38]Zwino, wamwe wanyori
nawafarisi wakataurarira Jesu: ''Mudzidziasi, isu tirkuda kuwona chiratidzo Kwamuri''. [39]Nezwese Jesu akadaira achiti:
''Rudzi rakachata rinofewa ririkutswaka chiratidzo; Asi aringapiwi, chiratidzo asi chiratidzo chemuporofita, Jona.
[40]Nekuti Jona zwakawa mudumbu rehowe guru, mazuwa matatu newusiku wutatu naizwozwo Mwanakomana weMunhu
uchawawo mumoyo wenyika mazuwa matatu newusiku wutatu.[41]Warume weninivhi wachasimuka, pakutonga,
pamusoro perudzi iri wacharipa nyaya, nekuti wakatendeuka nekuparidza kwaJona, tarirai mukuru kuna Jona
waripano.[42]Mambo kadzi wedzasi uchasimuka, pakutoga, newarume werudzi iri uye wacharipa nyaya nekuti akabva
pamagumisiro henyika kuti adzwe uchenjeri waSoromoni, uye tarirai: Waripano mukuru kuna Soromoni.[43]Zwino kana
mweya yetswina ikabuda mumunhu, inofamba mutswimbo yakaoma ichitswaka kuzorora, asi unorichaiwa. [44]'Zwino
unoti: Ini ndichadzokera kuimba yangu, kwandakabva', achidzokera, anoswikira imba yatswairwa yanatswa. [45]Zwino
unoenda kotora dzimwe mweya minomwe inopfura iye, wese iwo wanopinda wakangaramo. Zwino kupedzisira
kwemunhu uyu kwakaoma kudarika kwekutanga. zwichaita sekudaro nerudzi iri rakachata''.[46]Wakati Jesu achitaura
kuwanhu wakawanda, tarisa wamai wake nehama wake wanga wakamira kudze wachitswaka kutaura naye''. [47]Zwino
pane mumwe wakamuti: ''Tarisa wamai wako nehama dzako warikudze, wachikutswaka''.[48]Asi Jesu akapindura kune
waimubvudza achiti: ''mai Wangu Ndiani? uye Ndedzipi hama dzangu?'' [49]Zwino Jesu akatambanudza maoko ake
kuwadzidziwake akati: '' Tarisai aripano wamai wangu nehama dzangu! [50]Uye uya unoita kuda kwaBaba wangu
warikunDega, munhu iyena i Hama yangu, nehadzadziyangu namai wangu''.

## 13

[1]Nezuwa iro Jesu acabuda mumba akaenda kogara pagungwa. [2]Zwino wanhu wakawanda wakaungana kwaari. Zwino
Iye akapinda muchimwe chikepe akagara pasi; wakawanda wakaramba wakamira pamhenderekedzo.[3]Zwino Jesu
akawataurira zwinhu zwakawanda pazwifananidzo Iye akataura achiti: ''Umwe mukuchi akabuda akaenda kokucha.
[4]Akati achisima, imwe dzimwe mbewu dzakadonera pagwadzi, chiri dzakauya dzikadya. [5]dzimwe mbeu dzikadonera
parukangarabwe, padzwimbo isina dhaka rakawanda, saka dzakamera nekukasika nekuti panga pasina daka rakadzika.
[6]Asi, zuwa parakabuda, dzakapiswa, dzikaoma, nekuti dzanga dzisina midzi.[7]Dzimwe mbeu dzikamera mumidzwa,
midzwa ikamera ikatanka kudzimbaya. [8]Asi dzimwe dzakadonera pandaka rakanaka dzakabereka zwibereko, dzimwe
zana, dzimwe makumi matanhatu. [9]UYa unedzewe ngadzwe ''.[10]Wadzidzi wakauya kuna Jesu akati: '' Nei munotaura
kuwanhu nemifananidzo?'' [11]Jesu akawadaira, achiti: Nekuti imimi makapiwa kunzwisisa zwakahwanda zwewuMambo
wekuNdenga, asi kwete iwo. [12]Nekuti uya unezwakawanda uchapiwa, kuti awe nezwakawanda, asi aninani asina,
uchatorerwa nezwainazwo.[13]Saka, Ini ndawataurira nemifananidzo, kunyagwe achiona asi awawoni, kunyagwe
wachidzwa asi awadzwi kana kudzwisisa. [14]Kuchiporofita chaIsaya chinodzadziswa, chinoti: 'nekudzwa, Muchadzwa
musingadzwisisi; kuwona, muchaona, asi amuwonesesi.[15]Nekuti moyo yewanhu aya mikukuto, kuti wadzwe dzewedzawo
dzakadziwira nemeso, awo; wakazwidzima kuti warambe kuwona, nemeso awo nekudzwa nenzewe dzawo,
nekudzwisisa nemoyo, wakadzokera, Ini ndowaporesa'.[16]Asi wakaropafadzwa madziso wenyu, nekuti wanowona; uye
nzewe dzenyu, dzinodzwa. [17]Zwirokwazwo Ini ndinokutaurirai kuti waporoFita newanhu wakarurama wakawanda
wanga wachida kuwona zwamurikuwona, asi iwo hana kuzwiwona, kana kudzwa pazwinhu zwamadzwa asi awana
kudzwa.[18]Naizwozwo imi inzwai mufananidzo wemukuchi. [19]Kana munhu akadzwa choko rewumambo, asi
asingaridzwisisi, saka wakaipa unouya wobvita chakasimwa mumoyo make. Iyo ndiyo mbeu yakasimwa pagwadzi.[20]Asi
wakakucha parukangarabwe ndiye unozuwa choko achiringamuchira nemufaro; [21]nekudaro iye haana mudzi
mukatimake nekuti ndiye wemnguwa duku. Kana kutambudzika kana kuwengwa zwichiuya nekunda kwechoko,
zwekare unonguburwa.[22]Wakakucha pakati pemidswa ndiye anodzwa choko, asi kubatikana kwenyika kunyegera pfuma
zwinobvisa choko rikashaiwa zwibereko. [23]Uya wakasimwa padaka rakanaka ndie unodzwa choko uye anoridzwisisa;
ndie unobereka zwibereko; umwe achita zana, mumwe makumi matanhatu, mumwe makumi matatu''.[24]Jesu akaisa
mumwe mufananidzo, achiti: ''Wumambo weKundenga wakafanana nemunhu unosima mbeu yakanaka mumunda
wake. [25]asi wanhu wachirara, muwengi wakauya wakasimao mashawi pakati pezwiyo, wakaenda, zwake. [26]Asi chipande
chakati chamera nekubereka, zwino machawi akaonekwawo.[27]Zwino waranda wemunda wakauya wakati: 'Iche, amuna
kusima behu yakanaka mumunda wenyu ere? ngei makuwoneka mashawi? [28]Iye akati 'muwengi waita izwozwo'.
waranda akati kwaari: munoda ere, kuti, timutorere?'[29]Muridzi wemunda akati: 'kwete! nekuti pamunenge murikubvisa
mashawi, munobvisa zwiyo pamwe chete. [30]regayi zwikure pamwepo zwiri zwiwiri kudswikira pakucheka. Munguwa
yekucheka, ndichati kuwacheki: '' tangai kubvisa mashawi muwasunge mubvare kuti apiswe, asi, muwunganidze zwiyo
mudura rangu''.[31]Zwino Jesu akaisa umwe mufananidzo kwaari, achiti: ''Umambo weKundega wakaita sembeu
yemastarda yakatorwa nemunhu akaisima mumunda make. [32]mbeu iyoyo iduku, kupinda dzose. Asi kana yakura, ikuru
pamiriwo yose unoita muti, wakakura ukadaro kuti chiri dzinouya dzichigara pamatawi awo''.[33]Jesu akawataurira umwe
mufananidzo: ''Wumambo weKundega wakafanana nembiriso yakatorwa nemukadzi akaisa muzwiero zwitatu zweufu
kuswikira wese waboiriswa[34]Zwino Jesu akataurira wanhu zwinu zwese izwi pamufanidzo; uye, pasina mifananidzo,Iye

haana kutaura chinhu kwaari. [35]Izwi kuti zwiitike zwakataurwa nemuporofita, paakataura iye: '' Ini ndichabvura
muromo waku nemifananidzo; ndichataura zwanga zwakawadzika kubva pakusikwa kwanyika''.[36]Zwino Jesu aakasiya
wanhu wajinji akapinda mumba. wadzidziwake wakauya kwaari akati: ' Titsanangurirei mufananidzo wemachawi
emumunda''. [37]Jesu akawadaira, akati: '' Uya unosima mbeu yakanaka IMwanakomana weMunhu. [38]Munda inyika; mbeu
yakanaka iwana wewumambo uye mashawi iwana wewakaipa, [39]uye muwengi wakakusha ndie Dhiabhorosi. Kucheka
ndiko kuguma kwenyika, wacheki ndiwo watumwa.[40]Zwino mashawi sezwanounganidzwa wachipiswa mumoto,
zwichaitika sekudaro mukuguma kwenyika. [41]Mwanakomana weMunhu achatuma watumwa wake wounganidza
muwumambo wake zwinhu zwese zwinuhudza chitadzo, newanoita zwisina kururama, [42]wachawakandira mugomba
remoto, ipapo pachawa nekuchema nekurumana kwemazino. [43]Ipapo wakarurama wachatoikira sezuwa, muwumambo
waBaba wawo. unenzewe, ngaanzwe.[44]WuMambo wekundenga wakafanana nepfuma yakawandiswa mumunda
ikawonekwa nemunhu akaiwandisazwe. Saka nekufara kwake, anoenda, akatengesa zwese zwainazwo akatenga munda
iwowo. [45]Zwekare Wuche weKundega wakafanana nemutengi unotswaka maparera akanaka. [46]Paakaiwona parera
rinemuntego mukuru, akaenda akatengesa zwese zwakanga ainazwo akaritengesa iroro.[47]Zwekare, Wumambo
weKundega wakafanana semabhure anokandirwa mugungwa rinounganidza marudzi ese ehowe. [48]Kana rwazara,
wabati wachaukweera pamhenderekedzo. wakagarapasi wakaunganidza dzakanaka mumidziyo yawo, asi, dzakaipa
anodzirasa kunze.[49]Ndizwo zwichaitika mukuguma kwenyika: watumwa wachauya wachabudisa wakaipa pakati
pewekarurama, [50]wachawakandira mugomba remoto, muchawa nekuchema nekuzwiruma kwemadzino.[515253]jesu akati
kwaari imi manzwisisa zwese izwi ere? Wadzidzi wakati kwaari: '' hongu''. Saka Jesu akati : '' Nekudaro munyori mumwe
nemumwe wakadzidziswa zweWuMambo weKundenga akafanana nemunhu arimuridzi wepaumba, unobudisa zwinhu
zwinyowani nezwekare papfuma yake''. Zwakaitika kuti, Jesu apedza mifananidzo iyoyo, akabuda mudzwimbo iyoyo.
[54]Zwino Jesu akapinda munyika yake, akadzidzisa wanhu musinagoge, rawo wakafarisisa zwikuru akati: ''Munhu uyo
unouwanepi huchecheri uyu nemabasa esimba? [56]hasiyie ere Mwanakomana wemuwezi? wamai wake haasi Maria ere?
Jakobho, naJosefa, naSimoni, naJudhasi adzisi hama dzake ere? [55]Nehanzadzi dzake pakati patiri ere? Saka anozwiwonepi
zwinhu zwese munhu uyu?''[57]Iwo wakaguburwa na Jesu. Asi iye akati kwaari: ''Muporofita haangatadzi kukudzwa
munyika yake asi muimba yake ''. [58]Uye Iye akasaita mabasa esimba ipapo nekusatenda kwawo.

# 14

[1]Panguwa iyoyo, Herodhe, mubati, akadzwa mukurumbira waJesu. [2]Iye akataura kewaranda wake: ''Uyu ndiJohane,
mubhabhatidzi; wakamuka kuwakafa dhosaka masimba aya anobata maari''.[3]Saka Herodhi angaabata, Johani
akamusunga, akamuisa munjeri, nekuda kwaHerodhiasi, mukadzi hama yake Firipi, [4]nekuti Johani akamutaurira: ''
hauna kutenderwa kuti ugarenaye semukadzi wako''. [5]Herodhi waidha kumuwuraya, asi akathia wanhu, nekuti
waimukoshesa semuporofita.[6]Asi, zuwa rekuberekwa kwaHerodhi rakati radswika, Mwana waHerodhiasi akatamba
pamberi pawo akafadza Herodhi. [7]Naizwozwo akamupikira, nemhiko kuti uchamupa chinhu chipi nechipi
chahanokumbira.[8]Zwino akati arairwa namai wake, iye akati: '' ndipei pano, mundiro musoro, waJoahani
mubhabhatidzi''. [9]Mambo akasuwa zwikuru nechichemo chake, asi, nekuda kwekupika kwake uye nekuda kwewakagara
naye, akaraira kuti apiwe.[10]Iye akatuma murwe, kogura musoro waJohani munjeri. [11]Saka musoro wake wakaudzwa
mundhiro ukapiwa musikana akautora akaenda nawo kunamai wake. [12]Zwino wadzidziwake wakauya, akatora mutumbi
akawuiga akaenda kotaurira Jesu.[13]Jesu pahakadzwa pazwinhu zwakaitika, akabva abudapo, nechikepe, akaenda kurenje
ariyega. achidzwa izwozwo wanhu wakawanda wakamutewera netsoka, achibva kumaguta. [14]Zwino Jesu akati achibuda
muchikepe, akawona wanhu wakawanda, akawadzwira tsitsi uye akaporesa warwere wawo.[15]Zwino mukudhoka
kwezuwa, wadzidzi wakauya kwaari wakati: '' Pano irenje uye zuwa radhoka. henekai wanhu, kuti waende kotenga
zwekudya zwawo''.[16]Asi Jesu akati: '' Iwo hawafaniri kuenda, wapei zwinhu zwekuti wadye''. [17]Iwo wakamuti: '' Isusupano
tigori nezwingwa zwichanu basi nehowe mbiri''. [18]Jesu akati: ''Uyainazwo pano pandiri''.[19]Zwino Jesu akataurira wanhu
kuti agare pawusha. Iye akatora zwingwa zwichanu nehowe mbiri,akatarisa kudenga ,akaropafadza,akagura zwingwa,
akapa wadzidzi wake wadzidzi wakapa wanu wakawanda. [20]Wese wakadya wakaguta.Iwo wakaunganidza zwimedu
zwakasara: madengu anegumi nemairi akazara. [21]Wakanga wadya waiwa warume wane zwuru zvichanu,kunze
kwewakadzi newana.[22]Nekukasika iye akaita kuti wadzidzi wapinde muchikepe wamutungamirire mhiri,iye akayeneka
wanu wakawanda. [23]Zwino wakati wayendesa wanu wakawanda,Iye akakwira mugomo ega
kondonamata.Pekwakadhoka,Iye akanga ariega ikona. [24]Asi chikepe chakanga chadhona pakati pegungwa
chichitambudzika namafungu,nekuti mhepo yakanga ichiwarambidza.[25]Neguwayechina yekurinda usiku,Jesu
akakwezera kwawari,achifamba pamusoro pemvura. [26]Zwino wadzidzi wakati wachimuwona achifamba pamusoro
pemvura,wakatya wakati: ''Chiphoko!'' Iwo wakadaidzira nekutya. [27]Asi Jesu akataura nawo nekukasika: ''Iwai
wakachinga!Ndini!musatya''.[28]Petro akamudaira kuti: '' Iche, kana muri Imwi itaikuti inini ndiuye kwamuri ndichiuya
nepamusoro pemvura; [29]''Jesu akati: ''Uya!'' Petro akabuda muchikepe akafamba pamusoro pemvura achienda kuna Jesu.
[30]Asi, Petro paakaona, mhepo, akawa nekutya; uye akatanga kunyuda, akadaidzira: ''Iche, ndiponesei!''[31]Jesu nekukasika
akatambanudza maoko, akamubata akati: ''iye, unekutenda kuchoma, ngei wanyunyuta nei?'' [32]Saka Jesu na Petro
pahakapinda muchikepe, mhepo yakamira kuvuvuta. [33]Wadzidzi warimuchikepe wakamunamata Jesu uye wakati:
''Zwirokwazwo Ndimi mwanakomana waMwari''.[34]Zwino wakati ayambukira mhiri, akaswika kunyika, yeGenasareti.

[35]warume weswimbo iyoyo wakamuziwa Jesu, wakatumira choko kudzwimbo yose yakapoteredzwa wakaudza wese
wairwara kuna Iye. [36]wakakumbira kuti wabate cete mupendero wehembe yake,wese wakabata wakaporeswa.

## 15

[1]Saka wamwe wafarisi newanyori wakauya kuna Jesu achibva kunjerusarema wakati: [2]''Nekuti wadzidzi wenyu
wanodarikireiko tsika nzewakuru? NGei wasingagezi maoko kana wachidya zwekudya''. [3]Jesu kwari achiti: ''Nemiwo
munhodarikireiko mutemo waMwari nekuda kwetsika dzeyu?[4]Nekuti Mwari anoti: ' Kudza baba wako namai wako,' uye
uya unotuka baba wake kana mai wake anofa'. [5]Asi imi munoti: 'Aninani unoti kuna baba wake namai wake: ' Chinhu
chipi nechipi chamaiti munobatsirwa nacho kwandiri chawa chipo KunaMwari', [6]munhu iyeye hachanamati babawake
namai wake'. asi, hana nyaya makatorera murairo waMwari simba netsika dzeyu.[7]Wanhegeri! Isaya wakaporofita
zwikuru pamusoro penyu achiti: [8]Wanhu awa wanondikudza nemiromo yawo asi, moyo yawo irikure Neni. [9]Iwo
wanondinamata pasina, wanofundisa mirairo yewanhu'''.[10]Zwino Iye akadaidza wanhu kwari akawati: '' Idzwai uye
dzwisisai: [11]Izwo, Zwinopinda mumuromo azwiswipisi munhu asi zwinobuda mumuromo, ndizwo zwinoswipisa
munhu''.[12]Zwino wadzidzi wakauya wakati kuna Jesu: ''Munozia kuti wafarisi wagumbuka pawadzwa choko iri ere?''
[13]Jesu akadaira achiti: '' Muti wese usina kusimwa na Baba wangu wari Kundenga uchabvitwa. [14]Siyai mapofo;
anotungamirira mapofo. kana bofo richitungamirira rimwe bofo, wese wariwawiri wanodorera mugomba''.[15]Petru
akadaira akataurira Jesu: ''Titsanagurirei mufananidzo uyu''. [16]Jesu akati: ''Nanasi amusati mawakudzwisisa ere?
[17]Amudzwisisi ere kuti zwese zwinopinda mumuromo zwinoenda mudubu zwichizorasirwa, kunze?[18]Asi zwinobuda
mumuromo zwinobva mukati memoyo ndizwo zwinoswipisa munhu. [19]Nekuti mumoyo munobuda kufunga kwakaipa,
kuwuraya, hufewe wupombwe, wubava, kupupura kwenhema. [20]Zwinhu izwi ndizwo zwinoswipisa munhu. Asi kudya
nemaoko akaswipa azwiswipisi munhu''.[21]Zwino Jesu akabudapo akaenda kumatiwi henyika yeTire neSidhoni. [22]Saka
mumwe mukadzi wekunyika yekanani, akadaidzira achiti: ''Iche, Mwana komana waDhavidhi; ndidzwireiwo ngoni,
Mwanasikana wangu wakabatwa zwikuru neDhimoni''. [23]Asi Jesu haana kumudaira kana choko. Wadzidzi wake wakauya
kwari akamukumbira, achiti: ''Muenekei ayende nekuti warikudaidzira chure kwedu''.[24]Asi Jesu akadaira achiti: ''ini
ndakatumwa kumakwai akarasika eimba yaIsraeri''. [25]Saka iye wakauya wakamunamata Iye, akati: ''Iche ndibabatsirei
heyu''. [26]Iye akadaira achiti: ''Azwina kufanira kutora chingwa chemwana mukapa kumbwanana''.[27]Akati: ''Hongu, Iche
kunyangwe nezwimbwanana zwinodya zwimedu patafura rewatenzi wadzo''. [28]Zwino Jesu akawadaira achiti: ''Mai,
kutenda kwaco kukuru! zwaurikuda ngazwiitike sezwaunoda''.Mwana sikana wake akabva apora panguwa iyoyo.[29]Jesu
akasia dzwimbo iyoyo akaenda nepagunwa reGarireya. Zwino akakwira mugomo akagara ikoko. [30]wanhu wakawanda
wakamutewera kwahAri; wanhu wayiunza wakaremara, newaimamhina, nemapofo, nembewewe newakawanda
wairwadziwa wakawaisa pamakumbo wake Jesu, uye Iye akawarapa. [31]Saka wanhu wajinji wakachamisika nekuwona
mbewewe dzichitaura, nezwirema zwaporeswa newaikamhina wachifamba, nemapofo wachiona. Iwo wese
wakamurumbidza Mwari weIsrael.[32]Zwino Jesu akadaidza wadzidziwake kwaari akati: ''Ini ndinetsitsi newanhu aya,
nekuti iwo wanoramba waiNeni kwamazuwa matatu uye hawana chinhu kuti wadye. Andidi kuwaendesa wainenzara
nekuti wanofenda munzira''. [33]wadzidzi wakati: ''Tinozwiwonepi zwingwa zwakawanda zwinogutisa wanhu awa muno
murenje musina chinhu?'' [34]Jesu akati kwawari: ''Munezwingwa zwinganiko? ''Iwo wakati: ''Wakati Zwinomwe, nehowe
duku''. [35]Zwino Jesu akararaira wanhu kuti wagarepasi.[36]Akatora Zwingwa zwinomwe nehowe, uye akapa nyacha,
akamedura zwingwa akapa wadzidziwake; uye wadzidzi akapa wanhu wakawanda. [37]Wanhu wese wakadya wakafara.
Uye iwo wakatora zwimedu zwechingwa zwakasara mumatengu manomwe akazara. [38]Waya wakadya wanga wari
zwiuru zwina warume, kunze kwewakakadzi newana. [39]Zwino Jesu akaeneka wanhu, akapinda muchikepe akaenda
kuimwe nyika yeMagadhani.

## 16

[1]Wafarisi newasadhuse wakauya kozomuyedza jesu kuti wamukumbira kuti awapangidzire zhiratidzo chinobva
Kundega. [2]Asi Iye akawapidura achiti: ''Panguwa yemaneru munoti kuchachema nekuti Ndenga rakaswuka'.
[3]Mangwanani munoti: ' nhasi kuchaswipa, nekuti Denga rakaswuka nekuswipa'. Imi munoziwa kududzira
zwinowonekwa muDenga, asi hamukwanisi kududzira zwiratidzo zwekuwa? [4]Rudzi rakaipa rinofewa uye rinokumbira
chiratidzo, asi hawapiwi chiratidzo kana chimwe asi chiratidzo cha Jona.'' Ipapo Jesu akawasia akaenda.[5]Wadzidzi
wakaswika kuimwe mhiri akakanganwa kutora chingwa. [6]Jesu akawati. ''tarirai tarisai muchenjere mbiriso
yewaFarisinewaSadhusi''. [7]Wadzidzi wairangana pachezwawo wachiti: ''inyaya yekuti hatina kutora chingwa''. [8]Jesu
achizwiziya akati: ''Imi wanhu wekutenda kuchoma, munorangana pakati penyu ngei muchiti inyaya yekuti atina kuudza
chingwa?[9]Imi amudzwisisi nanasi kana kurangarira zwingwa zwichanhu zwewanhu wanezwiuru zwichanhu nematengu
amakawana kuti aiwa mangani? [10]Kana zwingwa zwinomwe zwewanhu wanezwiuru zwina nematengu amakawana?
[11]Nei musingadzwisisi nei zwandakataura kwamuri pamusoro pezwingwa? tarisai mungware mbiriso yewaFarisi
newasadhusi''. [12]Saka iwo wakadzwisisa kuti haana kutaura kuti wachenjere mbiriso yezwingwa asi dzidziso yawafarisi
newasadhusi.[13]Jesu akati achizwika kumatiwi enyika yeKesaria yaFiripi, akabvudza wadzidzi wake: [14]''Wanhu wanoti
Mwana komana weMunhu Ndiani?'' Iwo wakati: '' Wamwe wanotaura kuti: Johani, Mubhabhatidzi'; wamwe wanoti:
Eria', wamwe wanoti: 'Jeremia kana umwe weMuporofita'''. [15]Jesu akabvudza achiti: ''ko imimi munonditi Ndiniani?''
[16]Ipapo Simoni Petro akadaira, akati: ''Ndimi Cristu, Mwanakomana waMwari''.[17]Uye Jesu akadaira: ''Wakaropafadzwa,


generated on Tue Aug 5 16:08:39 2025

Simoni BarJona, nekuti nhama neropa hazwina kukuziwisai izwi, asi Baba wangu warikundenga. [18]Neniwo
ndinokutaurira kuti iwewe ndiwe Petro, pamusoro peruware urwu ndichawaka chechi Yangu uye madho e Gehena
hangakuti kwaari.[19]Ini ndichakupa kiyi dzeWumambo weKudenga. Chinhu chipi nechipi chauchasunga panyika
chichasungwa nekundenga''. [20]Zwino Jesu akaraira wadzidziwake kuti wasataurire umwe munhu kuti Ndie Jesu Cristu.
[21]Kubva panguwa iyoyo, Jesu akatanga kutaura kuwadzidzi wake kuti unofanira kuenda kuJerusarema kotambudzwa
zwijinji mumaoko awakuru, newapirisita wakuru newanyori; nekuhuraiwa nekumutswa muzuwa rechitatu. [22]Zwino
Petro akadaidza Jesu arienga akamutaurira achiti: ''kure meMwi, Iche, izwi hazwimboitiki''. [23]Asi Jesu achidzoka, akati:
''Ibva kumasure Kwangu, Satani, iwe uri Chigumbuso kwaNdiri nekuti haurangariri zwinhu zwaMwari, asi kuzwinhu
zwewanhu''.[24]Zwino Jesu akati kuwadzidziwake: '' Kana munhu achida kunditewera, ngaazwirambe, atakure
muchinjikwa wake anditewere. [25]Nekuti aninani unoda kuponesa wupenyu wake acharasikirwa nawo. [26]uye
anorasikirwa newupenyu wake nekuda Kwangu achauwona. Nekuti munhu unobatsirweiko kana akawana nyika yose
akarasikirwa nehupenyu wake?[27]Nekuti Mwanakomana weMunhu achauya newakumwa wake nekungwinyan kwaBaba
Wake. Ipapo uchapa umwe nemumwe paakabata napo. [28]Zwirokwazwo ndinoti kwamuri wamwe waripo kune wakamira
pano wasingazonzwi rufu wasati wawona Mwanakomana weMunhu achiuya muWumambo wake''.

## 17

[1]Mazuwa matanhatu apfura, Jesu akatora Petro, naJakobho, nehama yake Johani, akaenda nawo mugomo rakakura
wariwonga. [2]Iye akachanduka pamberi pawo; Kusu kwake kukapenya sezuwa, hembe dzake dzikachena sechienda.
[3]Ipapo Mosisi na Eria, achitaura naIye. [4]Zwino Petro akati kunaJesu: ''Iche, zwakanaka kuti tigare pano. kana muchida,
tiwake matunba matatu: Rimwe renyu Iche, rimwe Mosisi, rimwe raEria''.[5]Iye akati achitaura nawo gore rinongwinya
rakawafukidza, pakadswika rimwe inzwi richibva Kudenga richiti: ''Uyu NdiMwanakomana Wangu wandinoda
Wanondifadza. Kwari iye mumudzwe''. [6]wadzidzi pawakazwizwa, wakadonha nezwiso zwawo wakatya zwikuru. [7]Zwino
Jesu akauya akawabata akawati: ''Simukai musatya''. [8]iwo wakatarisa hana kuwona chinhu, akaona Jesu bhasi.[9]Zwino
wakati achidzika mugomo, Jesu akaraira, achiti: ''Musataurira munhu, zwamaratidzwa kuswikira Mwanakoma
weMunhu amuka kuwakafa''. [10]Wadzidzi wake wakabvusa Kwari, achiti: ''Nei wanyori wanhotaura wachiti Eria
anofanira kutanga kuya?''[11]Jesu akawadaira wachiti: ''Eria achauya zwake awandudze zwinhu zwese. [12]Ndinokutaurirai
ndichiti: ''Eria wakauya, asi iwo hawana ,kumuziwa; kunze kwaizwozwo, wakaita zwawakada naye. Saizwozwo
Mwanakomana wemunhu uchabva wotambudzwa mumaoko awo''. [13]Zwino wadzidzi wakadzwisisa zwaitaura Iye
pamusoro paJohani, Mubhabhatidzi.[14]Wakati waswika kune wanhu wakawanda, umwe murume akauya, akapfugama
pamberi paJesu, achiti: [15]''Iche, Idswiraiwo nyacha Mwana wangu, iye unozwipusha uye unotambudzika kakawanda.
Guwa jinji Iye unodonera pamoto, uye zwekare kajinji unodonera mumvura. [16]Ini ndakamuwudza kuwadzidzi wenyu, asi
hawana kumukwanisa kumurapa''.[17]Jesu akadaira achiti: ''Rudzi risingatendi, kuswika rini ndichigara nemwi nemwi?
Kuswika rini ndichikuitirai moyo murefu? Hunzai mwana Kwandiri''. [18]Jesu akaraira dimoni rikabuda kumwana,
akarapiwa panguwa iyoyo.[19]Zwino wadzidzi wakauya kuna Jesu wari wogaakati: '' Gei isusu atigoni kubudisa?'' [20]jesu
akawadaira kwari: '' inyaya yekutenda kweyu kuchoma; nekuti Ini ndinoti kwamuri: daimaiwa nekutenda kwakaita
setsanga Yemastada, maitaurira gomo iri: ' Bhuda pano uyende uko.' Rinoenda. Akuna chinhu chingakukundai. [21]Asi rudzi
remadimoni aya anobuda nekunamata nekutsanya.[22]Pawanga wari muGarirea, Jesu akataurira wadzidzi wake achiti:
''Mwanakomana weMunhu warikuda kuiswa mumaoko wewanhu; [23]iwo wachamuwuraiya, asi muzuwa rechitatu
achamuka''. Wadzidzi wakasuwa zwsikuru.[24]Pawaka swika kuKapernaume, wakauya kuna Petro waingamuchira muripo
wentemberi wakabvusa: Mudzidzisi wenyu aripi muripo ?'' [25]Iye akadaira achiti: ''Hogo, iye anoripa''. Asi Petro
pahakapinda mumba, Jesu akatanga kutaura kwaari, achiti: ''Simoni? unofungeiko Madzimambo enyika anotora muripo
nemutero? Kuwana wawo kana kuwaeni?''[26]Asi Petro pahakati:'' Kuwaeni,'' Jesu akati kwaari: '' Saka, wanakomana
wakasununguka. [27]Asi, kuti tirambe kuwangubusa, enda kugungwa, ukande chiedzo, howe yaunotanga kubata,
ukaimvura muromo wayo. Uchaswikira, siriva imwechete yendarama. Woitora wowapa kuripira iwe Neni''.

## 18

[1]Nenguwa imwe chete, wadzidziwake wakauya kuna Jesu wakamubvudza: ''Ndiani mukuru MUwumambo Wendenga?''
[2]Jesu akadaidza mwana akamuisa pamberipawo akati: [3]''Zwirokwazwo ndinoti kwamuri, kana imimi musingachaduki
mukaita semwana muduku, amungapindi Muwumabho weKundenga.[4]Asi uya unozwininipisa semwana muduku
mukuru Muwumabo Wekudenga. [5]Uye aninani unogamuchira mwanamuduku muzita rangu, unondigamuchirawo. [6]Asi
aninani unogumbusa mumwe wewaduku awa wanotenda kwandiri, zwirinani kwaari kuti buwe guru risungirirwe
pamutsipa wake anyudzwe mugungwa rakadzika.[7]Nyika inenhamo nenyaya yezwigumbuso! Nekuti zwigumbuso
zwinofanira kuwuya hazwo, asi unenhamo munhu uyo unogubusa wamwe. [8]Kana moko wako kana mukumbo wako
unokugumbusa, zwirinani kuti ugure urasire kure newe. Zwirinani kuti upinde muwupenyu wakaremara kana kuti
uchitsumhina, panekuti ukandirwe mumoto usingaperi nemaoko mawiri kana makumbo mawiri.[9]Kana dziso rako,
richita kuti utadze ribvise urasire kure newe. Zwirinani kuti upinda muwupenyu nedziso rimwe panekukandirwa
mugomba remoto nemadziso mawiri.[10]Ngwarirai kuti musachore mumwe wewaduku awa. Uye ini Ndinokutaurirai kuti
Kundeka ngirozi dzinozwiwona mazuwa ose Chiso chaBaba wangu wariKundenga. [11]Nekuti Mwanakomana weMunhu
wakauya kozoponesa wakarasika[12]Munofungei? Kana munhu anemakwai anezana, rimwe rawo rikarasika, hangasiyi

 generated on Tue Aug 5 16:08:39 2025

makumi mapfumbamwemwe, akaenda koswaka yakarasika here? [13]Zwirokwazwo ndinoti kwamuri, akariwana
anorifarira zwikuru kudarika makumi mapfumbamwe namapfumbamwe asina kurasika. [14]Zwimwechetewo, akusi kuda
kwaBaba wenyu wariKudenga kuti mumwe wewaduku awa afe.[15]Kana hama yako ikatadza kwauri, enda umutaurire
nyaya yake iwe naiye murimwenga. [16]Asi, akaramba kukudzwa, tora mumwe kana wawiri, newe, kuti machoko
nemiromo yezwapupu zwiwiri kana zwitatu zwichatenderwa.[17]Kana, iye akaramba kukudzwai taurirai chechi. Kana
akarambazwe kukudzwai chechi, ngaawe semuhedeni nemuFarisi.[18]Zwirokwazwo ndinoti kwamuri: Chese chasungwa
panyika chasungwa neKudenga; [19]Uye chese chinosunungurwa panyika nekudenga chasunungurwa. Kunze kwacho, Ini
ndinokutaurirai kuti, kana wawiri wakatenderana panyika pamusoro pechimwe chinhu chawakumbira, wachachiitirwa
naBaba wangu, wariKudenga. [20]Uye pane wawiri kana watatu wakaungana muzita Rangu, ndiripo pakati pawo''.[2122]Zwino
Petro akauya akati kuna Jesu: ''Iche, kangani kandinofanira kuiregerera? hama yangu payanditadzira kanomwe ere? Jesu
akadaira achiti: ''kwete kanomwe chete, asi kuswika makumi manomwe anowerengwa kanomwe.[23]Saka Wumabo
weKudenga unofananidzwa nemumwe mambo waida kugadzira zwikwerete newaranda wake. [24]zwino akati achitanga
kugadzira, akaunzirwa umwe muranda waimukwereta zwiuru zwemasana zwinegumi zwematareta. [25]Asi, akati
achishaiwa chekumbhadara nacho, Iche wake akaraira kuti atengeswe iye nemukadzi wake newanawake nezwese
zwahangainazwo, kuti chikwerete chimbhadarwe.[26]Zwino muranda akawira pasi akamunamata akati: 'Iche, iwai nemoyo
murefu neni, uye ini ndichazokubhadarai zwese'. [27]Zwino iche wemuranda iyeye, akawanetsitsi naye, akamusunungura
akamuregerera chikwerete.[28]Asi muranda iyeye wakabuda achibuda akasangana nemumwe muranda waibata naye
wanga wainechikwerete naye chemadinari anezana akamubata akamudzipa, akati: ' Ndibadare zwaurikundikwereta',
[29]Zwino muranda uyo akawira pasi, petsoka dzake akakumbira achiti: 'Iwai nemoyo murefu kwandiri ini,
ndichakubhadarai'.[30]Asi muranda wakaramba kumuregerera. akaenda naye akamuisa munjeri, kuswikira amubhadara
zwese zwaimukwereta. [31]Zwino wamwe waranda pawakaona zwese zwaiitika wakabatwa, nechungu, wakaenda
kotaurira iche wawo zwese zwakaitika.[32]Zwino iche wewaranda waya akamudaidza akati: ' Muranda wakaipa,
ndakakuregerera zwikwerete zwese nekuti wakandikumbira zwikuru. [33]Ko iwewe waisafanira kuwa netsitsi muranda
wako, sekukuswira tsitsi kwadakaita iwewe ere?'[34]Iche wake akatsamwa zwikuru akamuisa kurwadzidzisa kuswikira
abhadara chikwerete chake chese. [35]Saizwozwowo Baba Wangu wariKudenga wachakuitiraiwo, kana musingaregereri,
mumwe nemumwe hama yake nemoyo, wese''.

## 19

[1]jesu akati apedza machoko iwawo, akabva ayenda Garireya akaenda kunyika yeJudheya, mhiri kweJorodhani. [2]Wanhu
wakawanda wakamutewera, Iye akawarapa.[3]Wafarisi wakauya kwaAri, wakamuedza, achiti: ''ko munhu unotenderwa
kuramba mukadzi wake nekuda kwenyaya ipinaipi?'' [4]Jesu akadaira achiti: '' amuna kuyerenga here uyo wakasika
pakutanga akawaita mukadzi nemurume?[5]Iye akati: 'nekuda, kwaizwozwo murume uchasiya baba wake namai wake,
akawa nemukadzi wake, awasisiri wawiri, wawenyama imwechete? [6]Zwino, Mwari zwakasanganisa, akuna munhu
unozwiparadzanisa''.[7]Iye akati kwaari: ''Nei, Mosisi wakatipa rugwaro rekuti murume arambe amusiye?'' [8]Iye akawati:''
nekuda kwewukukuto wemoyo yenyu, Musisi wakakutenderai kuramba wakadzi wenyu, asi, pakutanga, zwangazwisina
kudaro. [9]Ini ndinokutaurirai wese uya unoramba mukadzi wake, nekuda kwewupombwe, akawona mumwe unoita,
wupombwe; Uye murume unotara mukadzi wakarambwa unoita upombwe;[10]Wadzidzi wakati kuna Jesu: ''kana zwiri
pakati pemukadzi nemurume, azwina kunaka kurorana''. [11]Asi Jesu akati: ''Wese hawagamuchiri rudzidziso iri, asi kune
awo wakazwipiwa. [12]Nekuti ngomwa dziripo dzakaberekwa dzakadaro kubva mudumbu ramai. Uye kune ngomwa
dziripo dzakaitwa newanhu. ngomwa dziripo dzakazwita ngomwa nekuda kweWumambo weKudenga. Uya
unogamuchira rudzidziso iri ngarigamuchire''.[13]Zwino wakaudzwa wamwe wana waduku Kwaari kuti aturike moko
pamusoro pawo awanamatire, asi wadzidzdi aiwaraira. [14]Asi Jesu akati kwaari: ''Siyai wana, musawarambidze kuya
kwandiri, nekuti Wumambo weKudenga dewawo''. . [15]Iye akaisa mawoko Ake pamusoro pawo, akabudapo.[16]Zwino
mumwe murume wakauya kuna Jesu akati: ''Mudzidzisi, wakanaka ndingaita chinhu chipi chakanaka kuti ndiwe
newupenyu usingaperi?'' [17]Jesu akadaira achiti: ''Ngei urikundimvudza pachinhu chipi chakanaka? mumwe chete
akanaka, asi kana uchida kupida muwupenyu, chengeta mitemo''.[18]Iye akati: '' mitemo ipiko?'' Jesu akadaira kuti:
''Wusauraiya, usaite upombwe, usaba, usapupure manyepo, [19]Remekedza baba wako namai wako, uye udhe wekwako
sekuzwida kwaunoita iwewe''.[20]Mujaya akati: '' Zwinhu zwese izwi ndakazwiterera kubva pawuduku wangu; zwipi
zwandinofanira kuita zwe?'' [21]Jesu akadaira achiti: ''kana uchida kuwa wakakwana, enda utengese zwese zwawuinazwo,
upe warombo, uwe nepfumaKudenga; saka uya Nditewere.'' [22]Asi jaya payakadzwa machoko iwawo ataurwa naJesu,
akaenda akasuwa, nekuti angaine pfuma yakawanda.[23]Jesu akataura kuwa dzidziwake: ''zwirokwazwo ndinokutaurirai
zwinonetsa mupfumi kupinda muMuwumbo weKudenga. [24]Zwekare ndinoti kamera inorerukirwa kuti ipinde nepaburi
retsingano, panekuti munhu akapfuma apinde muWumambo weKudenga''.[25]Wadzidziwake pawakaswidzwa izwo,
akadzwa kufara zwikuru akati: ''Ndianiko angaponeswa?'' [26]Jesu akawatarisa akati: '' kuwanhu izwi azwibviri, Asi kuna
Mwari zwese zwinogoneka''. [27]Zwino Petro akadaira achiti: ''Wonai isu tasiya zwese tikakutewerai; Tichapiweiko?''[28]Jesu
akati: ''Zwirokwazwo Ini ndinokutaurirai, kuti imi makanditewera pakuberekwa kutswa, kana Mwanakomana
Wemunhu achizogara pachigaro, cheWumambo chekugwinya kwake nemiwo muchagara pazwigaro zwinegumi
nezwiwiri muchitonga marudzi anegumi namawiri weIsraeri.[29]Wese uya akasiya dzimba, kana hama, hadzadzi, baba,

kana mai,mukadzi, wana, kana minda, nekuda kwezita Rangu, uchatambira zwinezana akagara nhaka yowupenyu
wusingaperi. 30Asi wakawanda wekutanga achawa; wekupedzisira wekupedzisira achawa wekutanga''.

## 20

1Zwino Wumambo Wekudenga wakafanana nemuridzi weimba, wakabuda makuseniseni, washandi wemunda wake
wemuzambiringa. 2Wakati wawirirana newashandi kuwapa denari pazua, akawatuma kumunda wake wemuzambiringa.
3Iye akabuda zwekare mukuwa yechitatu akawona wamwe wachandi wakamira padare. 4Akati kwaari: 'Endaiwo imimi
mumunda wemuzambiringa, uye inini ndinokupai zwakafanira'. Zwino iwo wakaenda koshanda.5Akabudazwe,
munguwa inenge yechitanhatu, zwekare neyechipfumbamwe, akaita zwimwezwo. 6Akabuda nenguwa, inenge yegumi
neimwe, iye akabuda akawona wamwe wakamira. Akawabvuza: 'Makamirireiko zuwa rose musingashandi?' 7Iwo
akamudaira akati: 'Nekuti akuna munhu akatipa basa'. Iye akawati : 'Endaiwo mumunda wangu wemizambiringa'.8Zuwa
rakudhoka, muridzi wemunda akataurira mutariri achiti: 'Daidzai washandi watabirisei mare yawo, kutanga
pakupedzisira kuswika pawekutanga'. 9Zwino nenguwa inenge yegumi neimwe mumwe nemumwe akapiwa Denari.
10Washandi wekutanga wakati achiuya, waifunga kuti wachipiwa nekupfura, asi mumwe nemumwe akapiwa wakapiwa
denari yake.11Wakati wachitambira muripowawo, wakapopotera muridzi wemunda. Iwo wakati: 12'Awa washandi
wekupedzisira wakabata nguwa imwechete, mawaenzanisa nesu, takatambudzika zuwa rose, tichipiswa nezuwa'.13Asi
muridzi akadaira mumwewawo achiti: 'Shamwari, inini handikuitiri zwisina kururama, hauna kuwirirana neni kuti
upiwe dhenari here? 14Tora chinodzi chako uyende; ndinoda kupa wekupedzisira sezwawapuwa.15Handina kutenderwa
kuita nezwangu pandinoda napo? Ziso rako rakaipa nekuti ini dakanaka here? 16Saizwozwo wekupedzisira wachawa
wekutanga, wekutanga wachawa wekupedzisira.''17Jesu akati achikwidza muJerusarema, akadaidza wanegumi nawawiri
wariwoga, akati kwaari panzira, achti: 18''Tarisai isu tinokwira Jerusarema , asi Mwanakomana weMunhu uchaiswa
kuwapirisita wakuru newanyori. 19Iwo wachamutongera rufu uye wachamuisa kwaHedheni kuti asekwe, aroweswe
arowerwe pamuchinjikwa. Asi muzuwa rechitatu achamutswa zwe''.20Zwino wamai wewanakomana weZebhedi
wakauya kunaJesu newanakoamana wawo. Iwo wakamunata kuzokumbira chinhu kwaari. 21Jesu akawabvusa akati:
''Munodeiko?'' Iwo wakadaira: ''Rairai kuti wanakomana wangu awa wawiri wagare, mumwe kumoko werudyi mumwe
kumoko weboswe muWumambo Wenyu''.22Asi Jesu akadaira achiti: ''Hauziwe chaurikukumbira: Munogona
kumwiramukombe pandinozonwira Inini here? ''Iwo akadaira achiti: Tinokwanisa''. 23Iye akawati: ''Muchanwa heyu
pamukombe wangu. Asi kugara pamoko wangu werudyi nekuboshwe Handisini ndinopa asi ndezwawakagadzirirwa
izwo naBaba Wangu''. 24Wamwe wadzidzi wanegumi pawakadzwa, wakatsamwira awo wana wawiri wemunhu mumwe.
25Asi Jesu akawadanira kwari akati: ''Munoziwa kuti machunda awaHedheni anowamanikidza kuwakuru pakati penyu,
ngawe musumiri wenyu. 26azwiwi kudaro kwamuri kuti Aninani unoda kuwa mukuru pakati penyu Ngawe muranda
wenyu. 27Aninani unoda kuwa mukuru pakati penyu Ngawe muranda wenyu; 28Zwakaita seMwanakomana Wemunhu
usina kuya kuzoshumirwa, asi kushumira kuti apewupenyu wake uwe rudzikinuro rwewaninji''.29Pawakabuda MuJeriko,
wanhu wakawanda wakamutewera. 30Zwino tarira mapofu mawiri akanga akagara pagwadzi; pawakadzwakuti Jesu
arikudarika. akadaidzira achiti: ''Iche, Mwanakomana waDhavidi, Tinzwireiwo nyasha''. 31Asi wanhu wakawanda
waiwaraira, kuti, wanyarare. Asi iwo akatonyaya kudaidzira achiti: ''Iche Mwanakomana waDhavidi tidzwireiwo nyasha
''.32Zwino Jesu akamira akati: ''Munoda kuti ndikuitirei chiko?'' 33Iwo akamuti: ''Iche, kuti madziso hedu awone''. 34Zwino
Jesu, akawa netsitsi akabata madziso hawo. Ipapo akaswinudzwa akamutewera.

## 21

1Jesu newadzidziwake wakati akuswika Jerusarema, akaswika Betefage, pagoma reMiorivhi. Jesu akatuma wadzidzi
wawari, 2achiti: ''Kumusha wamakatarisana nawo muchaona mBongoro yakasugirirwa, nemhuru yayo yakasugwa.
mudzisunungure muye nadzo Kwandiri. 3Kana aninani anokubvudzai, mutaurirei kuti Iche unodzida pakarepo
uchadzidzosera''.4Izwozwo zwakaitika kuti zwidzadziswe zwakataurwa neMuporofita, pahakati: 5'''Taurirai mwanasikana
weZioni: 'Tarira, Mambo unouya kwauri, nekuninipisa ainembongoro nekamhuru, chisikwa chemhuka inemutoro'''.
6Zwino wadzidzi wakaenda akaita sezwakarairwa naJesu. 7Wakauya nembongoro nemhuru, wakaisa hembe dzawo
pamusoro padzo Jesu akaishandisa. 8Wanhu wakawanda wakawaridza hembe dzawo mudzira, wamwe wakatema
mashija emiti wakawaridza mudzira.9Wanhu wakawanda wakamutungamirira Jesu newaimu tewera, aidaidzira, achiti:
''Hozana kuMwanakomana waDavhidhi! Ngakudzwe Iye unoya muzita raiChe! Hosana kumusoro soro!'' 10Jesu akati
apinda Jerusarema, guta rose rikapesaniswa, wanhu wakati: ''Ndianiko uyo?'' 11Wanhu wakadaira wachiti: Uyu ndiJesu ,
Muporofita wenazareta reGarirea''.12Zwino Jesu akapinda Muchechi akadzinga wese waya waitenga newaitengesa
muchechi. Uye akadhonesa matafura awaitsamirira mari nezwigaro zwawaitengesa njiwa. 13Iye akawati: ''Zwakanyorwa
kuchiti: 'Imba Yangu ichanzi Imba yekunamata,' asi imi munoita imba dzembava''. 14Zwino mapofu newaikamhina
wakauya kwari muchechi, Iye akawarapa.15Asi, waPirisita wakuru newanyori wakati wachiona zwinochamisa zwanga
achita Iye Jesu newana waidaidzira muchechi wachiti: ''Hosana Kumwanakona waDhavidhi,'' Iwo wakatsamwa zwikuru
16wakataura Kwari: ''Iwe urikudzwa zwaarikutaura wanhu awa ere?'' Jesu akadaira achiti: ''Hongu! Asi imi amusati
mamboerenga ere panoti: 'Mumiromo yawacheche newanomwa mukaka munhobuda rumbidzo yakanaka'''? 17ZwinoJesu
akawasiya akabvapo muguta akaenda Betania akararako.18Nechemagwanani achidzokera kuguta akadzwa nzara. 19Zwino
akaona mumwe muwonde pagwadzi; akainda kwauri, asi hana kuwona chinhu pauri akowona mashija chete. Akati

kwauri ''Hauchawi nezwibereko pauri nekusinga peri''. Muwonde ukawoma pakarepo.[20]Wadzidzi pawakaona izwo,
wakashamisika wakati: '' Muwonde wawoma seiko?'' [21]Jesu akadaira achiti: ''Zwirokwazwo ndinoti kwamuri: Dai
maiwanekutenda musinganyunyuti, amuiti zwaitwa pamuwonde chete, asi maiti kugomo iri: 'Simudzwa, ukandirwe
mugungwa, izwo zwinoitika. [22]Zwinhu zwse zwamunokumbira muchinamata, kana muchitenda, muchazwipiwa''.[23]Jesu
pahakapinda muchechi, waPirisita wakuru newakuru wewanhu wakauya Kwari, achidzidzisa wakati: ''Munoita zwinhu
izwi nesimba ripiko? Ndiani akupai simba iroro?'' [24]Jesu akawadaira akati: ''Inini ndinokuvhudzaiwo muvhudzo umwe.
Kana mukandidaira nenewo ndinokudairaiwo simba randinoita naro zwinhu izwi.[25]Rubhabhatidzo raJohani rakabvepi
Kudenga kana kuti Kuwanhu?'' Iwo wakataurirana, wachiti: 'Kana tikati Kudenga', Iye achati kwatiri: ' Hamuna
kumutenda ngei?' [26]Asi, kana, tikati: Kuwanhu', isu tinotya wanhu, nekuti wanhu wese wanowona Johani seMuporofita''.
[27]Zwino iwo wakadaira Jesu achiti: ''Isu atiziwi''. Iye kati kwawari: ''Neniwo andingakutauririwo simba randinoita naro
zwinhu izwi.[28]Zwino munofungei? Umwe murume wanga waine wana wawiri. Iye akaenda kune wekutanga akamuti:
Mwana, enda koshanda mumunda wangu wemizambiringa nhasi'. [29]Mwana akadaira akati: 'andidi'. Asi shure kwazwo
akazwidya moyo akaenda. [30]Murume akaenda kune mwana wechipiri akataura zwimwechete. Mwana akadaira achiti:
'Ini ndinoenda, Iche', akatanza kuenda.[31]Ndeupi mwana aita kuda kwababa wake?'' Iwo akati: ''Wekutanga''. Jesu akati
kwaari: ''Zwirokwazwo Ini ndinoti kwamuri: Wateresi nezwifewe wanokutangirai kupinda MuwuMambo waMwari.
[32]Nekuti Johani wakauya kwamuri nenzira yekururama, asi amuna kumutenda; Asi wateresi nezwipfewe wakamutenda.
Imi, makati, muchiona izwozwo, hamuna kutendeuka uye amuna kutenda kwari.[33]''Idzwai mumwe mufananidzo: Paiwa
neumwe munhu, muridzi weimba wakasima munda wake wemuzambiringa, akaukomberedza neruzhowa, akachera
pakuswinira mauri, akawaka chirindo, akaupa warimi, akaenda kuimwe [34]nyika.Payakaswika kuwa yezwibereko,
akatuma wamwe waranda wake kodotora zwibereko zwake.[35]Asi warimi wakabata waranda wake, wakachaya mumwe,
wakauraya mumwe, wakatema mumwe nemapuwe. [36]Wakatumazwe wamwe waranda, wakawanda kupfura wekutanga.
wakawaitira saizwozwo. [37]Zwino pashure paizwozwo, akatuma mwanakomana wake, wachiti: Iwo wacharemekedza
mwanakomana wangu.[38]Asi, warimi wakati wachiona mwanakomana, wakataurirana, wachiti: Uyu ndiye mugari,
wenhaka.Wuyai timuwuraye titore nhaka''. [39]zwino iwo wakamubata, wakabudisa kunze kwemunda
wemizambiringawakauya.[40]Kana Muridzi wemunda wemizambiringa, achizouya uchaiteiko newarimi iwowo?'' [41]Wanhu
wakati kwari: Uchaparadza wanhu iwawo wakaipa akaisa wamwe wari mumunda wemuzambiringa wakazowapa
zwibereko nenguwa yekukorora''.[42]Jesu akawati: ''Imi hamuna kumboerenga ere pamagwaro: panoti Bhuwe rakaraswa
newawaki Ndiro rakazowa musoro wekona. Izwozwo zwakaitwa naIche zwinochamisa pameso edu'?[43]Naizwozwo
Ndinoti kwamuri: Wumambo waMwari uchatorwa kwamuri ukapiwa wanhu wanoberaka zwibereko zwawo.
[44]Unodonera pamusoro pebhuwe iri uchaguka maphisi. Asi upi neupi warinodhonera richamukuya akaita wupfu''.
[45]WaPirisita wakuru newaFarisi wakati wachidzwa mifananidzo Yake, wakabva wadswisisa kuti waitaura iwo. [46]Zwino
wakadzwaka kumubata, asi wakatya wanhu wakawanda nekuti wanga wachiti Muporofita.

## 22

[1]Jesu akawadairazwe akataura nawo nemifananidzo, achiti: [2]''Wumabo weKudenga wakafanana neumwe mambo
wakaitira mwanakomana wake mutambo wekurora. [3]Iye akatuma waranda wake kodaidza waiya wanga wakakokwa
kumutambo wekurora, asi wakaramba kuwuya.[4]Akatumazwe wamwe waranda, achiti: ''Taurirai waya wakakokwa muti:
'Uyai ndagadzira chiswuswuro changu; Mombe dzangu nezwipuka zwabaiwa zwinhu zwose zwagadzirwa. Uyai
kumutambo wekurora '''.[5]Asi awana kurangarira wakaenda: Mumwe kumunda wake, mumwe kukutengesa kwake.
[6]Wamwe wakabata waranda wake, wakawaitira wakauraiya. [7]Mambo wakatsamwa wakatuma waranda wake
wakauraya waya wawurai wakapisa guta rawo.[8]Zwino akati kuwaranda wake: ' Mutambo wekurora wakagadzirirwa, asi
wanga wakakokwa wanga wasina kufanira. [9]Naizwozwo endai kumharadzano dzenzira mukoke wese wamunhowona
wauye kumutambo'. [10]Waranda wakabudira mugwadzi wakaunganidza wese wawakawona, wakaipa newakanaka.
Zwino imba yakazara newanhu wakawanda.[11]Asi, mambo pahakapinda mumba kuti awone wakakokwa, wakowona
umwe munhu asina kupfeka hembe yemutambo [12]akamuti: '' Shamwari wapinda sei pano usina hembe yemutambo?'' Iye
akanyarara.[13]Zwino mambo akataurira waranda wake kuti: 'Musungei makumbo nemawoko mumukandire kurima
rekudze, pachawa nekuchema nekurumaruma mazino'. [14]nekuti wakawanda wakadaidzwa, washoma wakasarudzwa.
[15]Zwino waFarisi wakaenda wakataurira kuti wangamubata sei Jesu pakutaura kwake. [16]Wakatuma kwari wadzidzi wawo
newaHerodhi. Iwo wakati kunaJesu: 'Mudzidzi tinozwizia kuti ndimi wechokwadi munodzidzisa nzira yaMwari
nechokwadi musingarangariri zwinowonekwa newanhu zwemunhu nekuti amutariri zwiri kunze kwemunhu. [17]Zwino
titaurirei kuti munhofungei? Munhu unotenderwa kuripira Kesari mutero here kana kuti kwete?[18]Asi Jesu waiziya kuipa
kwawo, akawati: ''munondienzereiko, imi wanyengewi? [19]Ndipangidzirei mari yomutero''. Zwino wakamuwunzira
dhenari.[20]Jesu wakawati: '' Ndewani mufananidzo uyu norunyoro urwu?'' [21]Iwo akati: ''Zwakesari''. Zwino akawati Jesu: ''
Ipai Kesari zwaKesasri, naMwari kuna Mwari''. [22]Pawakadzwa izwozwo wakashamiswa, wakamusia, wakaenda.
[23]Muzuwa iroro, waSajusi wakazwika kwaAri,achiti akuna kumuka kwewakafa, wakamubvunza [24]wachiti: ''Mudszidzisi
Mosesi akati: ' Kana munhu akafa, asinamwana hama, yake inofanira kurora mukadzi wake awe nemwana kumukoma
wake[25]Paiwa newanakoma wemunhu mumwe wanomwe. Wekutanga akarora mukadzi, akafa asina wana akasiyira
hama yake mukadzi wake. [26]Nekudaro wechipiri, newechitatu, kuswikira kunewechinomwe. [27]Shure kwewese mukadzi
akafawo. [28]Saka pakumuka kwewakafa, uchawa mukadzi waniko? wewanomwe awo, nekuti wese waiwa nawo.[29]Jesu,

akadaira, achiti: ''Imi makarasika, nekusaziwa magwaro kana simba raMwari. [30]Nekuti pakumuka kwewakafa awarorani
uye kana kuchatiswa. Asi wakaita, sewatumwa kudenga.[31]Asi, kana kuri kumuka kuwakafa, amuna kuerenga ere
zwakmakataurirwa naMwari: Pakati [32]Ini ndini Mwari waAbhurahama, Mwari waIsaka, naMwari waJakobho?' Mwari
hasi Mwari wewakafa, asi wewanorarama''. [33]Wanhu wakawanda pawakadzwa izwozwo wakashamiswa nedzidziso Yake.
[34]Asi, waFarisi pawakadzwa kuti Jesu anyarara wasadhusi, wakaungana pamwepo. [35]Umwe wawo, mududziri wemurairo,
akamubvunza, achimuedza: [36]''Mudzidzisi, ndewupi murairo mukuru pamirairo?''[37]Jesu akati: Ida Iche Mwari wako
nemoyo wako wese, nemweya wako wese nekufunga kwako kose'. [38]Uyu ndiwo murairo mukuru wekutanga.[39]Murairo
wechipiri unofanana nawo ndiwo uyu: 'Ida wekwako sezwaunozwida iwewe'. [40]Murairo wose newaporofita
zwakabatanidzwa pamirairo iyi miwiri''.[41]Zwino wafarisi wachakaungana, Jesu akawabvunza, achiti: [42]''Munofungei
nekuda kwa Kristu?'' Iwo akamuti: ''Mwana waDhavhidhi''.[43]Jesu akati: ''Seiko Dhavhidhi, neMweya, anodaidza Iche,
achiti: [44]Iche wakati kunaIche wangu: ' Gara kurudyi rwangu, kuswikira ndaisa wawengi wako pasi petsoka
dzako?'''[45]Zwino kana, Dhavhidhi achimudaidza Krisrtu ''Iche'', unowa sei mwanakomana wake Dhavhidhi? [46]Panga
pasina munhu anokwanisa kudaira kana choko rimwe aro, uye kwanga kusina munhu wakasunga kumubvunza chinhu
pazuwa iro.

## 23

[1]Zwino Jesu akataura kuwanhu wakawanda newadzidzi wake, [2]achiti: ''Wanyori newaFarisi wanogara pachigaro
chaMosisi. [3]saka zwese zwanokutaurirai, muzwite nekuzwichengeta. Asi musatewera mabasa awo, nekuti wanotaura asi
awaiti.[4]Kana iwo wachisunga mitoro inorema Inotambudza kutakura, wachisa pamakandza yewanhu. Asi iwo chaiwo
hawadi kuibata nemumwe wawo. [5]Iwo mabasa awo ose wanowaita kuti wawonekwe newanhu, nekuti wanofarisa
mafiraktera awo wanokurisa mipeto yenguwodzawo.[6]Iwo wanofarira zwigaro zwepamberi pamitambo nezwigaro
zwepamberi mumasinagogi [7]nekukwadziswa padare nekudaidzwa Rabhi, newanhu.[8]Asi imi musadaidzwa 'Rabhi, nekuti
mudzidzisi, weyu ndemumwe imi mose muri hama. [9]Musadaidza munhu uripanyika baba wenyu nekuti kwamuri kuna
baba mumwe chete, uye Iye warikudenga. [10]Musadaidzwawo 'Tenzi', nekuti kune Tenzi mumwe chete, Iye Cristu.[11]Asi uya
mukuru pakati penyu ngawe muranda wenyu. [12]Uya unochikudza uchaninipiswa, asi uya unozwininipisa
uchasimudzirwa.[13]Munenhamo imi wanyori newaFarisi, newanyengeri! ndimi munovaridzira wanhu Wumambo
weKudenga. nekuti imi amupindi imomo naiwo wanopinda amuwatenderi kupinda. [14]Munenamo imi, wanyori
newaFarisi newanyengeri nekuti munoparadza zimba dzechirikadzi muchita manomano yemunyengetero mirefu.
naizwozwo muchatongerwa zwakaipa nekupfurisa. [15]Munenhamo, imi wanyori, newaFarisi, wanyengeri! Munofamba
pagungwa nepanyika kuzotapa mudzidzi mumwe. kana awonekwa munomuita mwanakomana weGehena kudarika
imimi kawiri.[16]Munenamo imi, wanotungamirira mapofo, muchiti: ' Uya unopika netemberi, hachasiri chinhu, asi uya
unopika nendarama yetemberi, ndiye unenyaya. [17]Imi mapofo nemapenzi! chikuru ndechipi, ndarama kana temberi
inoita ndarama iwe Tswene?[18]Naizwozwo, munotizwe unopika neartari, hachasi chinhu. Asi aninani unopika nechipo
chiri pamusoro payo, ndiye unenyaya'. [19]Mapofo nemapenzi! chikuru ndechipi chipo kana aritari inoita chipo chiwe
chitswene?[20]Naizwozwo aninani unopika nearitari unopika nezwese chiri pamusoro payo. [21]Uye aninani unopika
netemberi, unopika nayo neunogara mairi. [22]Neunopika nedenga unopika nechingaro chewumambo waMwari
neunogara pamusoro pacho.[23]MUnenhamo imi wanyori newaFarisi wanyengeri! nekuti Munopa chegumi chwemiti,
neanise nekumini, muchisia zwinhu zwikuru zwemurairo zwinoti: Kururamisira mhaka, nengoni neKutenda. Asi
munofanira kuita izwi nekusarenga kuita izwozwo. [24]Imi watungamiriri wemapofo, munomimina nhunga, muchimedza
kamera![25]Munenhamo imi, wanyori newaFarisi, wanyengeri! munopukuta kunze kwekhapu nepreti, asi mukati
mwakazara nekukakara nekusazwidzora. [26]Iwe muFarisi wakapofumara! tanga wapukuta mukati mekhapu nepreti, kuti
kunze kwazwo kuchwenewo.[27]Munenhamo imi, wanyori newaFarisi, wanyengeri! nekuti makafanana nemarinda
akacheneswa, anowonekwa seyakanaka kunze kwawo, asi mukati mukati makazara mafupa hewakafa neswina yose.
[28]Saizwozwowo nemiwo, munowonekwa newanhu kunze kwenyu makaita semakarurama, asi mukati makazara
nekunyekera nekuipa.[29]Munenhamo imi, wanyori waFarisi wanyengeri! nekuti munhowaka marinda ewaporofita
nekuchongedza marinda ewakarurama. [30]Imi muchiti: ''Dai taiwapo pamazuwa amadzibaba wedu, tingadai tisina
kuwabatsira kuwuraiya waporofita.'' [31]Saka, munozwipupurira kuti muri wanakomana wawakakauraiya waporofita.
[32]Zwino dzadzisaiwo chiero chamadzitateguru enyu. [33]Imi nYoka, imi wana wenyoka, muchatisa seiko kutonga
kweGehena?[34]Saka tarisai, ndinotumira kwamuri waporofita, newakachenjera newanyori. Muchawauraya wamwe wawo
nekuwarowera pamuchinjikwa, wamwe muchawarowesa mumasinagogi eyu nekuwadzingirira mumanguta ose; [35]Kuti
ropa rese rewakarurama rakadhuririrwa panyika, riuye pamusoro penyu kubva paropo raAberi, wanga wakarurama,
kusweikira paropa raZakaria, mwanakomana waBarakia, wamakauraya pakati petemberi nearitari. [36]Zwirokwazwo
Ndinoti kwamuri: ''Zwinhu zwese izwi zwichauya pamusoro perudzi iri''.[37]Jerusarema, Jerusarema, iwe unouraya
waporofita nekuwatema nemapuwe awo wakatumwa kwauri! kangani pandanga ndichida kukuwunganidza wana wako
semhambo inounganidza ukwana, dzayo munyasi mumapapiro ayo, mukaramba! [38]Tarisai masirwa imba yenyu rawa
dongo. [39]Ndinoti kwamuri, kubva zwino hamuchazondiwoni kuzwikira muchiti: Ngarumbidzwe iye unouya nezita
raIche'.

## 24


generated on Tue Aug 5 16:08:39 2025

[1]Jesu akabuda mutemberi,wakati achifamba,wadzidzi wake wakauya kwaari kuti wamupangizire dzimba dzetemberi.
[2]Asi iye akapindura,achiti:''Amuwoni zwinu izwi zwese here?Zwirokwazwo Ini ndinoti kwamuri:akuna nbuwe richagara
pamusoro perimwe nbuwe risingazokandirwe pasi''.[3]Akati agara Jesu mugomo remiorivhi wadzidzi wake akauya kwari
wonga wakati: '' Titaurirei kuti zwinhu izwozwo zwichaitika rini? nechiratidzo chipi pakuuya kwenyu nechekuguma
kwenyika ?'' [4]Jesu akadaira achiti: ''Gwarirai kuti murege kutsauswa nemunhu. [5]Nekuti wakawanda wachauya nezita
Rangu, wachiti: 'Ini ndini Cristo', wachitsausa wakawanda.[6]Muchadzwa zwekurwa neguhu nekurwa; gwarirai musatya
nekuti izwozwo zwese zwinofanira kuitika asi akusi kuguma. [7]Nekuti rudzi ruchamukira rudzi, newuche uchamukira
uche. Kuchawa nenzara nezwirwere nekundengenyeka kwenyika kuzwimbo dzakawanda. [8]Asi zwinhu izwi kutanga
kwemarwadzo.[9]Zwino wachakuisai mumandambudziko wachakuraiyai, muchawengwa nemarudzi ese nekuda kweZita
Rangu. [10]Wakawanda wachagumburwa, wachaisana kuwatongi, nekuwengana, mumwe nemumwe. [11]Wakawanda
waPorofita wenhema wachamuka wachitsausa wakawanda.[12]Rudo rewakawanda richatonhora, nekuti kusarurama
kuchawanda. [13]Asi unoshingirira kuswikira pakuguma, uchaponeswa. [14]Ivhangeri iyi yewumambo ichaparidzwa kunyika
dzose chiwe chapupu kumarudzi ose; ipapo kuguma kuchaswika.[15]Naizwozwo, kana muchiwona nyangadzi yokuparadza
yakataurwa nemuporofita Danieri, akangara panzwimbo tswene anoerenga ngadzwisise, Waya [16]warimuJudhea
ngawatidzire mumakomo, [17]Uri pamusoro pedenga reimba yake ngaasadzika kuti atore zwirimumba, [18]neurikumunda
ngarege kudzokera kumasure kuzotora hembe dzake[19]Asi wachawa nenhamo wanemimba newanomwisa mumazuwa
iwawo! [20]Nyengeterai kuti kutidza kwenyu kusawe muchando kana nesabata. [21]Nekuti kuchawapo kutambudzika kukuru,
kusati kwambowapo kubva mutanga kwenyika kuswikina nanasi, uye akuchazowipo. [22]Dai mazuwa iwayo
asaitambudzwa, akuna wairarama; asi, nekuda kwewakasarudzwa, mazuwa iwawo achatadzwa.[23]Zwino, kana munhu
akati kwamuri: 'Tarirai Kristu! uripano kana apo, musantenda. [24]Nekuti wachauya wanaKristu wenhema newaporofita
wenhema wacharatidza zwiratidzo zwikuru nezwinochamisa kuti kana zwichita newakasarudzwa newanoerenga.
[25]Tarirai ndangara ndakakutaurirai.[26]Saka, kana wakati kwamuri, tarisai urikurenje', rengai kubuda; tarisai uri
mudzimba dzemukati,' musatende. [27]Nekuti semheni inobva kumabvazuwa ichipenyera kumadokero, dizwo zwichaitika
kuya kweMwanakomana weMunhu. [28]Paya panemutumbi ndipo pachaunganira magora.[29]Zwekare shure
kwekutambudzika kwemazuwa iwayo, zuwa richaswimba, nemwedzi auchazotipi chiedza, Nyeredzi dzichadona
Kudenga nemasimba oKudenga achazunungusswa.[30]Ipapo chiratidzo cheMwanakomana wemunhu chichawonekwa
Kudenga, Zwino marudzi ose enyika achachema achiwona MwanakomanaweMunhu achiuya pamusoro pemakore
eKudenga, nesimba nekubwinya kukuru. [31]Uchatuma watumwa wake nehwamanda guru, uchaunganidza wakasarudzwa
wake kunombuda mhepo yenyika, kubva kurutiwi rumwe rweDenga kuswikira kurumwe rutiwi.[32]Dzidzai mufananidzo
wemuwonde: kana dawi rawo rawa nyoro mashizha achitunga munoziwa kuti zhezha rawa pedo: [33]Nekudarowo,
nemiwo kana mawona izwozwo zwose ziwai kuti wawa pedyo, pamukowa.[34]Zwirokwazwo Ini ndinoti kwamuri rudzi iri
arigambodarika kuswikira izwozwi zwose zwaitika. [35]Denga nenyika zwichadarika, asi mashoko angu hangatombodariki.
[36]Asi, kana riri zuwa iro nenguwa iyo, akuna anozwiziwa kunyangwe watumwa wekuDenga, kunyangwe mwanakomana,
asi Baba wenga.[37]Sepamazuwa aNoa ndizwo zwichaitika kuwuya kweMwanakomana weMunhu. [38]Nekuti sepamazuwa
iwayo mvura yakawanda isati yaswika, waidya nekumwa, wachirora wachiroreswa, kuswikira zuwa rekuti Noa apinda
muareka; [39]wasingaziwi kuswikira Mvura yauya yakawanda ikawabvisa wese ndizwo zwichaitika kuwuya kuwuya
kweMwanakomana weMunhu.[40]Nenguwa iyoyo warume wawiri wachagara mumunda mumwe uchatorwa mumwe
akasiwa. [41]Wakadzi wawiri wachakuya paguyo; rimwe mumwe uchatorwa, mumwe akasiyiwa. [42]Nekudaro rindirai,
nekuti hamuziwi zuwa richauya Iche wenyu.[43]Asi ziwai izwi: kuti muridzi weimba dai waiziwa nguwa yokuswika
kwembabva ungadai airinda akasatendera kuti imba yake pwanyiwe. [44]Naizwozwo nemiwo ngarai makagadzirira nekuti
Mwanakomana wemunhu uchaya nenguwa yamusingatarisiri.[45]Saka, ndiniko muranda wakatendeka, wakangwara
wakagadzwa nashe wake kuti awe mutariri weimba yake, kuti awape zwokudya nenguwa yakafanira?
[46]Wakaropafadzwa ndeuya muranda unoti kana Ishe wake achiswika akamuwana achita saizwozwo. [47]Zwirokwazwo
ndinoti kwamuri uchamugandza awe mutariri wezwese zwainazwo[48]Asi kana muranda uyo wakachata akataura
mumoyo make achiti: 'Iche wangu warikunonoka kuwuya', [49]achitanga kuchaya wamwe waranda wanobata
pamwechete, naye akadya akanwa pamwechete newakabatwa; [50]Zwino Ishe wemuranda uyo uchaswika nezuwa
rasingamutarisiri nenguwa yasingaziwi, akamurowesa kwazwo akamupa mugowe wake pamwechete newanyengeri;
[51]ipapo pachawa nekuchema nekuzwiruma mazino.

## 25

[1]Zwino Wushe weKudenga unofananidzwa newasikana wanegumi wakatora mwenje yawo wakabuda
kundochigamuchidza chikomba. [2]Washanu wawo wanga wari mapenzi washanu wanga wakangwara. [3]Nekuti mapenzi
akatora mwenje yawo, akasatora mafuta; [4]asi wanga wakachenjera wakatora mafuta nemidziyo yawo.[5]Zwino chikomba
chakati chichinoka kuuya, akawa nehope wakarara. [6]Asi pakati pewusiku, wakadzwa mhere-mhere: ' Tarirai chikomba
chauya budai muchigamuchire.'[7]Zwino wasikana wese wakamuka wakagadzira mwenje yawo. [8]Mapenzi akati kune
wakangwara tipeiwo: 'mamwe mafuta enyu nekuti mwenje yedu yakudzima'. [9]Asi wakangwara akadaira, wachiti: 'Aiwa
pamwe hangakwaniriwo isusu nemi tose, endai henyu kune wanotengesa muzwitengere,.[10]wakati wachienda kotenga,
chikomba akaswika zwino wakanga wakazwigadzirira wakapinda nacho pamutambo wekuwana musuwo ukavarwa.
[11]pashure wamwe wasikana wakaswika wakati: Ishe, Ishe, tizarurireiwo [12]Asi iye akapindura achiti: 'Zwirokwazwo

ndinoti kwamuri andikuziwei.' 13Naizwozwo rindirai, nekuti hamuziwi zuwa kana nguwa yeMwanakomana wemunhu
ranouya naro.14nekuti Wushe weKudenga wakafananidzwa nemunhu wakaenda kuneimwe nyika, akadaidza waranda
wake akawapa fuma yake. 15Akapa mumwe matarenta mashanu mumwe mawiri, mumwe rimwe mumwe nemumwe
zwakakwanirana, nesimba rake akafamba rwendo. 16Pakarepo iye wakapiwa matarenta mashanu akaenda akaita
mhiduro nawo akawana mamwe mashanu.17Saizwozwo wakapiwa mawiri akaita wamwe mawiri. 18Asi muranda
wakapiwa rimwe wakaenda, akachera rindi pasi akahwandisa mari yashe wake.19Nguwa guru yakati yadarika, ishe
wewaranda iwawo akaswika akagadzira mashoko nawo. 20Muranda wakanga wapiwa matarenta mashanu akauya
neyamwe matarenta mashanu; iye akati: ' Ishe, imi mandipa matarenta mashanu. Tarisai ndawona mamwe mashanhu.'
21Ishe wake akati: 'Zwakanaka, muranda wakanaka wakatendeka! pazwinhu zwishoma; ndichakuisa pamusoro pezwinhu
zwakawanda. Pinda pamufaro washe wako'.22wakanga apiwa matarenta mawiri akati: 'Ishe, makandipa matarenta
mawiri. Tarisai ndawona mamweni mawiri.' 23Ishe wake akati: 'Zwakana, muranda wakanaka wakatendeka! waiwa
wakatendeka pazwinhu zwishoma; ndichakuisa pamusoro pazwinhu zwakawanda. Pinda mumufaro washe wako'.
24Wakanga wapiwa tarenta rimwe naiye wakauya wo akati: 'Ishe, ndinoziya kuti muri munhu une hasha; munocheka
pamusati makadzwara; munounganidza pamusati makakusha. 25Zwino ndakatyia ndikadohwandisa tarenta pasi.
chiripano chinhu chenyu'.26Asi Iche wake akapindura achiti kwari : ''Iwe muranda wakaipa unewusimbi, wakanga
uchiziwa kuti ndinocheka pandisina kusima ndichiunganidza pandisina kukusha. 27Saka waifanira kuisa mari yangu
kune webhanga, ndingadai ndapiwa zwangu zwawanda.28Naizwozwo mutorerei tarenta rake mupe unamatarenta ane
gumi. 29Nekuti mumwe nemumwe unazwo uchapiwa awe nezwakawanda asi usina uchatorerwa nezwanazwo.
30Bundisirai muranda pasina kurima rekunze, ipapo pachawa nekuchema nekurumaruma mazino31Zwino kana
Mwanakomana weMunhu achiuya nekungwinya kwake newatumwa watswene wanaIye, Iye uchagara pachigaro chake
chewushe chinobwinya. 32Pamberi Pake marudzi wose achaunganidzwa ucharawura somufudzi unorawura makwai
nembudzi. 33Iye chaisa makwai kurudyi, rwake mbudzi kurumboshwe.34Zwino Ishe achati kune wari kuridyi: 'Wuyai imi
'makaropafadzwa NaBaba, muchagara nhaka Yowushe wakagadzirirwa imwi kubva pakutanga kwenyika. 35Nekuti Ini
ndakanga ndine nzara mukandipa zwekudya; ndikawa nenyota mukandipa zwekumwa; ndakanga ndiri mueni
mukandingamuchira; 36ndanka ndisina kupfeka mukandipfekedza; ndanga ndichirwara mukandifambira; ndiri munjeri
mukauya kwandiri'.37Zwino wakarurama wakadaira, wachiti: ''Iche, takakuwonai rini munenzara, tikakupai zwekudya?
kana kuti nenyota tikakupai zwekumwa? 38Uye rini patakakuwonai muri mueni tikakugamuchirai? kana kuti musina
hembe tikakupfekedzai? 39takakuwonai rini muchirwara munjeri tikauya kwamuri?'' 40Zwino Ishe akawadaira achiti: ''
Zwirokwazwo ndinoti kwamuri kuti, pamakazwiitira mumwe wewaduku wehama dzangu idzi, makaitira Inini'.41Saka
uchati kune waya wari kurumboswe: ''Budai kwanDiri, imi wakatukwa, muende kumoto usingaperi wakandadzirirwa
Diaborosi newatumwa wake, 42nekuti Ini ndanga ndine nzara amuna kundipa zwekudya; ndakanga ndine nyota
mukasandipa zwekumwa; 43ndanga ndiri muenzi mukasandigamuchira; ndisina hembe dzekupfeka mukasandipfekedza;
ndichirwara munjeri mukasandifambira'.44Zwino naiwawa wachapindura wachiti: ''Ishe, takakuwonai rini munenzara,
kana munenyota, kana muri mweni, kana musina kupfeka kana kuti muchirwara, kana kuti makasungwa, tisina
kukushumirai? 45Izwino Iye akadaira achiti: ''Zwirokwazwo Ini ndinoti, zwamusina kuita mwe wewaduku awa, awa Ini
wamusina kuitira.'' 46Aya wachaenda kukorobwa, si wakarurama kuwupenyu usingaperi.

# 26

12Zwakaitika kuti Jesu apedza mashoko iwaiyo, ose akati kuwadzidziwake: ''Munoziwa kuti kana mazuwa mawiri apfura
pasika inoswika, Mwanakomana weMunhu uchaiswa kuwatongi kuti arowerwe.'3Saka waPirisita wakuru newanyori
newakuru wewanhu wachaunganidza muruwanze rwemuPirisita, waidzi Kayafasi. 4wakarangana, kuti wabate Jesu
namano wamuhuraye. 5Asi wakati: ''Zwirambe kuitika pamutambo, kuti pasawe nebope pakati pewanhu''.6Zwino Jesu
akati ari paBetania mumba maSimoni wemaperembudzi, 7Mumwe mukadzi akauya kwari nechinhu chearbatego chaiwa
nechizoro chinemutengo mukuru, akachidurura pamusoro wake akangara arikudya. 8Asi wadzidziwake wachizwiwona,
akabatwa neshungu akati: ''kuparadzwa kwakadaro kwaitirweiko? 9Nekuti chizoro ichi chingadai chatengeswa nemari
yakawanda ikapiwa warombo,''10Asi Jesu, achizwisiwa izwo, akati kwaari: '' Ngei munotambudza mukadzi uyu? Iye waita
basa rakanaka Kwandiri. 11Nekuti warombo munawo nguwa dzose asi Ini Hamuneni nguwa dzose.12Nekuti iye
paakadurura chizoro ichi pamwiri wangu, iye wakaziitira kuwigwa kwangu. 13zwirokwazo ini ndinoti kwamuri, kwese
kunozoparidzirwa Evangeri iyi panyika dzese, izwi zaitwa nemukadzi uyu zichataurwa wo wamurangarire nazo''.
16Zwino,umwe wewanegumi newawiri, waizi Juda Iskasirioti,wakayenda kuwaPrisita wakuru 15akati: ''Muchandipeiko
kana ndikamuisa kwamuri?''iwo wakamuyerera masirvheri anamakumi matatu. 14Kubva ipapo,iwo wakatswaka nguwa
yakafanira yekumuisa kwawari nayo''.17Nezuwa rekutanga rezwingwa zwisina mbiriso ,wadzidzi wakauya kuna Jesu
wakati: ''Munoda kuti tikugadzirireikupiko kwamungadya pasika ?'' 18iye akati:'' Endai muguta, kune umwe murume muti
kwaari: Zwazi neMudzidzisi: 'Nguwa yangu yawa paduze. Ini ndichadya pasika paimba yako newadzidzi wangu'''.
19Wadzidzi wakaita sezewakarairwa na Jesu wakagadzira pasika20Usiku pewakaswika, Iye akagara kuti adye newadzidzi
wake wanegumi newawiri. 21wakati wachidya , akati kwawari : ''zwirokwazo ndinoti kwamuri mumwe wenyu
uchandipandukira.'' 22Iwo wakawa nekusuwa kukuru , wakatanga mumwe nemumwe kuvudzisa kwaari: ''Iche ndini
here?''23Iye akadaira: ''Uyo waisa ruwoko neni mundiro, ndiye uchandipandukira. 24Mwanakomana wemunu achafa,
sezwazwakanyorwa pamusoro pake Asi unenhamo uyo Mwanakomana wemunu waanopandukirwa naye! Zwaiwa nane

kumunu uyu kudai asina kuberekwa". 25Juda,uyo wakamupandukira, akati: "Rabhi ndini here?" Iye akadaira akati:
"Ndizwo zwawataura" .26Wakati wodya, Jesu akatora chingwa, akachiropafadza, akachigura ndokupa wadzidzi wake,
achiti kwawari: "Torai mudye. Uyu ndiwo mwiri wangu" .27Akatora mukombe akawonga, akawapa, achiti: "Imwai, mese
pauri. 28Nekuti iri iropa rangu, ropa resungano itswa,rakadururirwa wakawanda kuti waregererwe zwitema. 29Asi ini
ndinoti kwamuri handichatongomwizwe zwibereko zwomuzambiringa, kuswikira zuwa randichazomwa nemi zwawa
zwitswa muWuche waBaba wangu" .30Zwino wakati waimba nziyo, wakabuda wakayenda kugomo reMiorivhi. 31Jesu
wakati kwawari: "Usiku uno imi mese muchagumburwa nekuda kwangu, nekuti kwakanyorwa kuchizi: 'Ini ndichachaya
mufudzi nemakwai eboka achaparariraʼ 32Asi kana ndamutswa, ndichakutungamirirai Garirea".33Zwino Pedro akadaira
kwari achiti: "kana wese wakagumburwa nekuda kwenyu, ini handingatombogubuki". 34Jesu akati: Zwirokwazswo
ndinoti kwamuri kuti husiku wanhasi, jongwe risati rarira, uchandiramba katatu". 35Petro akati: "Kunyangwe ndikafanira
kufa nemi, handingatombokurambi". Wadzidzi wese wakataurao zwimwezwo.36Zwino Jesu akaenda nawo kuimwe
swimbo inodzi Getsimani akataurira wadzidzi: "Garai pano Ini ndichienda konamata uko". 37Iye akatora newana wairi
waZebedi naiye, akatanga kuwa neshungu nekudumbirwa. 38Saka akawati: "Mweya wangu uneshungu zwikuru
kuswikira pakufa. garai pano rindirai neni".39Iye akaendsa mberi zwishoma, akawira pasi, nechiso chake akanyengetea.
Iye akati: "Baba wangu, kana zwichita mukombe uyu ngaudarike kwandiri. Kunyangwe zwakadaro kusawe kuda
Kwangu asi, kuda Kwenyu." 40Iye akauya kune wadzidziwake akawawona akarara, akati kuna Petro: "amukwanisi sei
kurindira Neni nguwa imwe chete? 41Rindirai uye namatai kuti musapinde mukuedzwa. Mweya unoda, hawo asi nyama
yakaneta".42Akaendazwe kechipiri kuti anamate akati: "baba wangu, kana mukombe uyu usingaiti kudarika,
ndisingaumwi. Kuda Kwenyu ngakuitwe." 43Iye akadzokerazwe akawaswikira akarara, nekuti madziso awo akanga
abatwa nehope. 44Zwino akawasiazwe akaenda akandonyengetera kechitatu achitaura mashoko mamwechete.45Zwino,
Jesu akauya kune wadzidzi wake akati: "Chirarai eyu muzorore? Tarisai nguwa yaswika, Mwanakomana weMunhu
woiswa muaoko ewatadzi. 46Simukai tiende. Tarirai wondiisa wawa paduze".47Akati achirkutaura, tarisai Judasi, umwe
wewanegumi newawiri akaswika aine wanhu wakawanda, wachibva kuwaPirisita wakuru newakuru wewanhu,
wakauya wakabata minondo netswimbo. 48Zwino iye wakapadukira Jesu akanga awapa chiratidzo achiti: "Uya
wandichaswoda ndiye mumusunge49Nekukasika akaenda kuna Jesu akati: "kwasiwai Rabhi!" Akamusweta zwikuru.
50Jesu akataura achiti: " Shamwari, Ita zwiya zwawauya koita". Zwino iwo akankwenzera akaisa maoko awo kuna Jesu
akamusunga.51zwino tarirai mumwe waiewa na Jesu akatambanudza maoko ake, akavomora bemba akatema muranda
wemuPirisita akagura nzewe yake. 52Jesu akati kwari: "Dzosera bemba yako paswimbo yayo, nekuti wese wanobata
bemba hi achafa nebemba. 53Unofunga kuti andikwanisi ere kuna Baba wangu, uye Iye akandipa ikozwino watumwa
wanodarika marudzi anegumi nemawiri? 54Asi mangwaro, agozadziswa seiko anoti zwinofanira kuitwa
kudaro?"55Panguwa Iyoyo, Jesu akati kuwanhu: "Mauya nemabemba netswimbo condisunga kuzondibata sendiri
mbhava ? Ini ndaigara muchechi mazuwa wese ndichidzidzisa mukasandibata. 56Asi izwi zwese zwaitwa kuti magwaro
ewaporoFita azadziswe". zwino wadzidzi wese wakamusia akatiza.57Waiya wakasunga Jesu wakamuisa Kunakayafasi,
muPirisita mukuru, pawanga waungana wanyori newakuru. 58Asi Petro akamutewera ari kure kuswikira paruwanze
remuPirisita. Akapinda akagara newatariri kuti awone kupera kwazwo.59Zwino waPirisita wakuru namakorokota ose
wakaswaka chimwe chapupu chenhema kuti wapomere Jesu wamuraye. 60Iwo awana kuwona kana chimwe acho,
kunyangwe zwapupu zwakawanda zwenhema zwakauya. Pashure zwiwiri zwakaswika 61zwikati: Munhu Uyu akati: '
Ndinoputsa chechi yaMwari ndikaiwaka nemazuwa matatu'".62Zwino muPirisita mukuru akasimuka akati: "Iwe hauna
ndairi chinhu ere? Chinyiko icho chanokupomera Kwauri?" 63Asi Jesu akaramba akanyarara. Mupirisita mukuru akati
kwari: "Ini ndinokupikisa naMwari mupenyu, titaurire kuti uri Kristu Mwanakomana waMwari". 64Jesu akadaira achiti: "
Iwe ndizwo zwawarewa. Asi Ini ndinoti kwamuri kubva zwino muchaona Mwanakomana weMunhu akagara kuridyi
rwesimba, achiuya arimumakore eKudenga".65Ipapo muPirisita mukuru akamwesa hembe dzake akati. "Iye anoshora
Mwari! tichaswakireiko zwapupu? Tarirai manzwa zwino kushora kwake. 66Munofungeiko?" Iwo wakadaira wakati: "Iye
wanofanira kufa".67Zwino wakamupfirira kumeso, ake akamurowa netsiwa wamwe nemaoko, 68wachiti: "Tiporofite
Kristu. Kuti ndiani akurowa?"69Petro anga akagara panze, paruwanze, zwino mushandiri wakaenda kwari akati:
"Newewo wanga uina Jesu kuGarireya." 70Asi iye akaramba pamberi pewese, chiti: "Ini andiziwi zwaurikutaura".
71Paakabuda pamusuwo mumwe mushandiri akamuwona akataurira wanga waripo: "Munhu uyu waiwa na Jesu
weNazareta". 72Iye akaramaba zwekare nekupika achiti: " Ini andimuziwi Munhu uyu".73Chawa chinguwa, wanga
wakamirapo wakauya akati kuna Petro: "Zwirokwazwo newewo uri mumwe wawo, nekuti kutaura kwako
kunokuziwisa". 74Zwino iye akatanga kutuka nekupika achiti: "Ini andimuziwi Munhu uyu", pakarepo jongwe rikarira.
75Petro akarangarira mashoko hanga ataurwa na Jesu kuti: "Jongwe risati rarira, uchandiramba katatu". Iye akaenda
kunze akachema zwikuru.

## 27

1Awa magwana, waprisita wakuru wese newakuru weanu wakarangana pamusoro paJesu,kuti wamuwuraye.
2wakamusunga, wakamutora wakamuisa kuna Pirato, mubati3Zwino Juda, uyo wakamupandukira, wakati achiwona Jesu
watongerwa kufa, ndokuzwidya moyo, akadzosera masirivheri aya anamakumi matatu kuwa Prisita wakuru newakuru
akati: 4"Ini ndatadza ndapandukira ropa risinanyaya" .Asi iwo wakati: " Zwinei nesu? Ndezako" . 5Ipapo akakandira pasi
masirivheri mutembere, akabuda akayenda ndokuzwisungirira.6WaPirisita wakuru wakatora masirivheri wakati: "

hazwina kufanira kuti tiaise muchiwigiro chemari zwauri mutengo weropa". 7Iwo wakarangana, wakatenga nawo
munda wemugadziri wehari kuzowigamo watogwa. 8Nekudaro, munda uyo wakanzi munda weropa kuzwikira zuwa
ranhasi munda unodaidzwa ''munda weropa'',9Zwino, zwakadzadziswa zwiya zwakataurwa nemuPorofita Jeremia: ''Iwo
wakatora masirvheri anemakumi matatu, nemutengo waIye wakatarirwa newana waIsraeri. 10wakatenga nawo munda
wemugadziri, wehari sezwadakarairwa naShe''.11Zwino Jesu, wakamira pamberi pemubati, mubati akamubvunza:
''Ndiwe Mambo wewaJudha here?'' Jesu akadaira achiti: ''Ndizwo zwaunotaura''. 12Asi wakati wachipomwer
mhoswanewaPirisita wakuru newakuru, haana kudaira chinhu. 13Zwino Pirato akati kwari: ''Haunswi zwinhu
zwakawanda zwawanokupomenzera Kwauri ere?'' 14Asi Iye hana kudaira kana chinhu, mubati akashamiswa zwikuru.
15Zwino pamutambo, mubati aisungurira wanhu wakawanda musungwa mumwe wewanenge wada. 16Panguwa iyoyo,
Iwo waiwa nemusungwa wakakumbira wakakumbira wainzi Bharabhasi.17Naizwozwo, wakati waungana, Pirato akati:
''Munoda kuti ndikusunungurirei ani? Bharabhasi kana kuti Jesu unonzi Kristu?'' 18Nekuti waiziya kuti wamga wamuisa
kwaari negodo. 19Zwino wakati wagara pachigaro chekutonga, mukadzi wake akatumira rimwe shoko achiti: ''usawe
nenyaya nemunhu uyu wakarurama; nekuti nasi, mukurota, nekuda kwake''.20Wapirisita wakuru newakuru
wakadaidzira wanhu wakawanda wachikumbira, barabasi, Jesu auraiwe. 21Mubati akadaira achiti kwaari: ''munoda ani
kuti ndikusunugurirei kune wawiri awa?'' Iwo wakati Bharabhasi''. 22Pirato akati: '' Chichandinofanira kuita kuna Jesu,
Unonzi Kristu?'' Wese wakati kwari: ''Ngarowerwe pamuchinjikwa.''23Iye akati: ''Chipi chakaipa chaita? Asi iwo
akanyanyisa kudainzira: ''Ngarowerwa pamuchinjikwa''. 24Zwino, Pirato akawona kuti hazwibatsiri asi kuti pomuka
bopoto, iye akatora mvura, akangesa maoko ake pamberi pewanhu akati: ''Ini andina nyaya neropa remunhu uyu;
ndezwenyu''.25Wanhu wese wakati: '' Ropa rake ngariwe pamusoro pedu newana wedu.'' 26Zwino iye akamusunungura
Bharabhasi, asi Jesu akamurowesa kwazwo akamuisa kwari kuti arowerhwe pamuchinjikwa.27Zwino warwi wemubati
wakaisa Jesu munba wemubati, hondo yese ikaunganira kwari. 28Wakamubvisa hembe dzake wakamufukidza hembe
tswuku. 29Zwino wakaruka korona yemidzwa wakaisa pamusoro, wake nerutsanga pamoko Wake werudyi, iwo
wakafugama pamberi pake wakamuseka, wachiti. ''Zwiponesei, Mambo wewaJuda!''30Wakamupfirira mata kwari, akatora
rutsanga wakaramba wachimurowa musoro. 31Wakati wamuseka, wakamubvisa hembe tswuku, akamupfekedza henbe
dzake, wakamutora wakaenda naye kondomurowera pamuchinjikwa.32Wakati wachibuda, wakawona umwe munhu
wekurine wainzi Simoni, wakamumanikidza iye kuti atakure muchinjikwa wake. 33Iwo wakaswika imwe swimbo inonzi
Gorgota ndokuti ''nzwimbo yedheheya''. 34Wakamupa waini yakasanganiswa nendura kuti amwe; asi akati araira,
akarambakumwa.35Wakati wamurowera pamuchinjikwa, wakacheyana hebem dzake pakati pawo, wachikanda mijenya
pamusoro pechekufuka zwangu; 36Wakagara, wakamurindapo. 37Wakaisa pamusoro wake rugwaro rwemhoswa yake
rwekuti: ''UYU NDI JESU MAMBO WAWAJUDA''.38Wakarowerhwa pamwechete nebhabva mbiri mumwe kurudyi mumwe
kuruboshwe. 39Waiya waidarika nepo, waimutuka, wachizugudza misoro yawo 40Wachiti: ''Iwe, waida kuputsa chechi
nekuiwaka nemazuwa matatu, chizwiponesa, pauri. Kana Uyi Mwanakomana waMwari, dzika pamuchinjikwa''.
41Saizwozwo, waPirisita wakuru newanyori newakuru wakamuseka wachiti: 42''Iye wakaponesa wamwe, Iye hakwanisi
kuzwiponesa Iye. Iye kana ariMambo waIsraeri! ngadzike zwino pamuchinjikwa, titende Kwari.43Iye waiwimba
naMwari ; ngachimusungura zwino pamuchinjikwa, kana achimuda nekuti wati: 'Ndiri Mwanakomana waMwari'''. 44Uye
mbhava nzakanga arowerwa nadzo pamuchinjikwa naYe aimutauriria zwimwechete.45Kubva panguwa yechitanhatu
kuswikira panguwa yechipfumbamwe, rima rakawapo panyika yose. 46Neguwa inenge yechipfumbamwe, jesu
akadaidzira neiswi guru akati: ''Eri Eri Ramasabatani?'' ,zwaitaura kuti: ''Mwari wangu, Mwari wangu, mandisireiko?''
47Wamwe wanga wakamira ipapo wakti wachizwiswa, wakati: ''Iye arikudaidzira Eria''.48Pakarepo mumwe wawo
akamhanya, akabata chipanje akachidzadza nevhiniga, ndokuisa parutsanga, akamunwisa. 49Wamwe wakati: ''Musieyi
timuwone kana Eria achizouya komuponesa''. 50Zwino Jesu akadaidzira zswekare ne inswi guru akabudisa Mweya wake.
51Tarira ipapo Chidzitiro chechechi chakabvaruka nepakati kubva kumusoro kuswikira pasi; nyika ikadengenyeka,
mapuwe akamweseka. 52Mabwiro akazaruka nemitumbu dzakawanda dzewaswene, wanga wakarara, wakamuswa. 53Iwo
wakabuda mumabwiro Iye amuka wakapinda muguta dzwene akawonekwa newakawanda.54Zwino mukuru wezana
newairinda Jesu naye wati wachiwona kudengenyeka kwenyika nezwakaitikwa, wakatya zwikuru wakati:
''Zwirokwazwo uyu wanga ari Mwanakomana waMwari''. 55Wakadzi wakawanda, waitewera Jesu kubva kuGarirea
wachimuchandira, wanga waripo, wachitarissa nekure. 56Pakati pawo Kwakanga kuna Maria Magadarena; Maria, mai
waJakobho naJose; uye namai wewanakomana waZebhedi.57MUkuswera kwezuwa, akauya mumwe murume mufumi
weArimatea wainzi Josefa, wakanga wari mudzidzi waJesu. 58Iye akaenda kuna Pirato akamukumbira mutumbi waJesu .
Zwino Pirato akaraira kuti apiwe.59Josefa akatora mutumbi, akaputira nemucheka muchena. 60Akauwiga mubwiro hwake
hwutswa hwaakanga achera mubwe. Akagurungusira ibweguru pamuromo wake webwiro akabvapo. 61Maria
Magadarena naMaria wanga waripo, wakagara pamberi nebwiro.62Fume mangwanani ndiro zuwa raitewrа zuwa
rekugadzirira waPirisita wakuru newaFarisi wakaungana kuPirato. 63Iwo wakati: ''Iche, tinorangariria kuti munyengeri
uyu achirimupenyu, Iye akati: 'nemazuwa matatu adarika, ndichamuka. 64Saka Rairai kuti bwiro kuti richengetwe
kuswikira nezuwa retatu, kuti wadzidzi wake warambe kuwuya, kozombha mutumbi usiku wataurire wanhu:
''wakamutswa kuwakafa;' Kunyengerwa kukuru kwekupedzisira kudarika kwekutanga''.65Pirato akati kwari: ''Torai
warindi, uye muwuchengete sezwamunoziwa. 66Wachienda iwo, wakandochengeta bwiro, wakaisa warindi wakaisa
chiratizo chekusimbisa pabwe.

## 28

1Nekupera kwesatade, kwoedza nezuwa rekutanga kwesodo, Maria Magadarena neumwe Maria wakaenda kowona
bwiro. 2Zwino pakawa nekudengenyeka kukuru kwenyika, Zwino nekuti Mutumwa waIshe wakadzika Kudenga, akauya
akagurungusa bwiro akagara pamusoro payo.3Kuwonekwa kwake kwakanga kwakaita semheni nehembe dzake dzaiwa
dzekuchena sechando. 4Warindi wakadedera nekutya wakagara sewakafa.5Asi mutumwa, akaenda kune wakadzi, akati:
''Musatya , ndinozwizia kuti murikudzwaka Jesu, akarowerwa pamuchinjikwa. 6Iye haasi pano, wakamuka sekutaura
kwaakaita. Wuyai muwone pakanga akarara Ishe. 7Kasikai muende kotaurira wadzidzi wake kuti: ' Iye amuka kuwakafa
tarirai unokutungamirirai kuGarirea, muchamuwona ikoko.' ndizwo zwandakutaurirai8Wakadzi wakasiya bwiro
nekukasika nekutya nemufaro mukuru, akamhanya kotaurira wadzidzi wake. 9Zwino wakati wachienda kotaurira
wadzidzi wake Jesu akasangana nawo akati: '' Chungamidzwai!'' wakadzi, akaswedera kwari akabata tsoka dzake
akamunamata. 10Zwino Jesu akati: ''Musatya. Endai kotaurira hama dzangu kuti waende Garirea wachandiwona''.11Zwino
wakadzi wachiri mugwadzi, wamwe warindi wakaswika muguta akataurira waPirisita zwese zwanga zwaitika. 12wakati
waungana nwakuru wakarangana, wakapa warwi mari yakawanda: 13''Taurai kuti wadzidzi wake Jesu wakauya wusiku
wakamubaha isu takarara.14Kana zwikatswika nemubati, tichamutendesa, imi tichakusiayai musununguke''. 15Zwino
wabati wakatora mari wakaita sechataurirwa. Shoko iroro rakaparidzirwa pakati pewaJuda kuswikira nanasi.1617Zwino
wadzidzi wanegumi neimwe wakaenda kuGarirea, kugomo rewakarairwa na Jesu. Wakati wachimuwona,
wakamunamata, asi wamwe wakanyunyuta,.18Jesu akaswika kwari, akati: ''Ndakapiwa simba rese Kudenga nepanyika.
19Naizwozwo endai mudzidzise marudzi wese mubhabhatidze muzita raBaba, nereMwanakomana nereMweya
Mutswene.20MUwadzidzise kuchengeta zwinhu zwese zwandakakurairai imi. Tarirai ndinemwi mazuwa wese, kuswikira
pakuguma kwenyoka''.


generated on Tue Aug 5 16:08:39 2025